*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ РЕСПУБЛИКОН АДÆМОН ГАЗЕТ
РЕСПУБЛИКАНСКАЯ НАРОДНАЯ ГАЗЕТА СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ

# РÆСТДЗИНАД

№ 118 (24400)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы
Издается с 14 марта 1923 года

Аргъ 10 сомы

2017 азы 5 июль — сусæны мæйы 5 бон, æртыццæг

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АХСДЖИАГ ФАРСТАТÆ
*Дзæуджыхъæу — нæ райгуырæн, нæ иугæнæг, нæ фидæн*

3 ХЪЕСАТЫ ВАЛОДЯЙЫ РАЙГУЫРДЫЛ СÆХХÆСТ 85 АЗЫ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Дзюдоистты æнтыстытæ*

**Хицауадæй**

# Ныхас ахсджиаг фарстатыл



**Знон уыдис РЦИ-Аланийы Хицауады радон æмбырд. Архайдтой дзы нæ республикæйы районты, ведомствотæ æмæ министрадты сæргълæуджытæ. Æмбырды сæрдариуæг кодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Хицауады æмбырды ныхас цыдис иуæй-иу закъоны проекттæм ивддзинæдтæ бахæссыныл, нæ республикæйы социалон-экономикон рæзтыл æмæ паддзахадон-социалон политикон программæйы нысантыл. РЦИ-Аланийы промышленность æмæ транспорты министр **Хайдарбек Бутов** фæндон бахаста, Алагиры, Æрыдоны æмæ Мæздæджы районты автотранспортон фæрæзтæ паддзахады исбонадмæ цæмæй хаст æрцæуой. Афтæмæй транспорты куыстмæ бæлвырддæр æргом здæхт цæудзæн. Промышленность æмæ транспорты рæстæн дихгонд æхцайы фæрæзтæ та æрвыст цæудзысты комкоммæ нысантæм.

2018-2020 азты скъолайы агъоммæйы, иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады системæйы инвалид-сывæллæттæн сæрмагонд уавæртæ саразыны тыххæй раныхас кодта РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Иринæ Азимова**. Уый куыд загъта, афтæмæй УФ-йы Ахуырады министрад къорд азты дæргъы нормативон документты бындурыл уынаффæ рахаста, "Единая дорожная карта", кæй хонынц, уый саразын, йе 'нænиздзинад хъыгдард кæмæн у, ахæм инвалид сывæллæттæн сæ уавæртæ хынцгæйæ. Министр ма йæ фæндон бахаста, Плиты Грисы номыл стипенди уæлдæр ахуырадон скъолаты студенттæн паддзахадон закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссын, РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады куысты ивддзинæдтæ кæй æрцыд, уый фæдыл. Иринæ Азимова загъта, скъолаты ахуырадон чингуытæ æмæ пособитæ саразыны фæдыл сæрмагонд Экспертон совет саразыны тыххæй дæр йæ фæндон.

Æрæджы нæ республикæйы цы тыхджын къæвдатæ æрцыд, уыдон бирæ знаггад æрхастой канд цæрджытæн нæ, фæлæ паддзахадон объекттæ æмæ иуæй-иу куыстуæттæн. Къæвдаты фæстиуджытæ аиуварс кæныны тыххæй цы мадзæлттæ арæзт цæуы, уый фæдыл дзуаппон доклад скодта, нæ республикæйы æнæнхъæлæджы уавæрты управленийы сæргълæууæг **Александр Хоружий**. Куыд загъта, афтæмæй нæ республикæйы Сæргълæууæджы фæстауæрцы фондæй дихгонд æрцыд 20 милуан сомы. Уыдонæй уал 2 милуан сомы лæвæрд æрцыд, ихкъæвда тынгдæр кæй бахъыгдардта, ахæм бинонтæн, 18 милуан сомы та — паддзахадон объекттæ æмæ куыстуæттæн.

Хицауады æмбырды архайджытæ байхъуыстой, РЦИ-Аланийы культурæйы министр **Милдзыхты Русланы** раныхасмæ дæр. Уый куыд фехъусын кодта, афтæмæй паддзахадон-социалон политикæйы программæйы бындурыл ацы аз культурæйы къабазы кусджыты мызд сырæзыд 17 мин соммæ. Министр радзырдта, абон Ирыстоны æппæт районты дæр культурæйы куыстуæттæ цы уавæрты æмæ куыд кусынц, уый фæдыл дæр. Раппæлинаг сты нæ музейты хъæздыг равдыстытæ, фæлæ сæм цæуæг арæх кæй нæй, уый та у ахъуыдыйаг фарста.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Хуссар Ирыстонæй**

## Зæрдылдарæн æхцатæ

Республикæйы Национ банчы сæргълæууæг ЗАССЕТЫ Феликс куыд фехъусын кодта, афтæмæй Уæрæсе Хуссар Ирыстоны хæдбардзинад цы бон банымадта, уыцы боныл иннæ аз дæс азы кæй æххæст кæны, уый кадæн банк рауадздзæн згъæр зæрдылдарæн æхцатæ.

Уымæй уæлдай, иннæ аз æртæ зындгонд ирон æфсæддон разамонæджы райгуырдыл 115 азы кæй æххæст кæны, уый кадæн дæр рауадздзысты æвзист зæрдылдарæн æхцатæ.

— 1903 азы райгуырдысты æртæ хъуыстгонд æфсæддон разамонæджы, Советон Цæдисы Хъæбатыртæ Плиты Иссæ, Мамсыраты Хаджумар æмæ Хетæгкаты Георги. Сæ райгуырды 115 азы кадæн рауадзынмæ хъавæм зæрдылдарæн æхцатæ. Ирон адæм чырыстон дин официалон уагæй цы бон райстой, уыцы боныл 1100 азы кæй æххæст кæны, уымæ гæсгæ дæр рауадзынмæ хъавæм Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны аргъуанты нывтимæ зæрдылдарæн æхцатæ. Динамонджытимæ ныхас кæнæм æхцаты æддаг бакастыл, — загъта Зассеййы-фырт.

Фарон Хуссар Ирыстоны Национ банк рауагъта Мады-Майрæмы (хаст у дунейы бынты объектты номхыгъдмæ) æмæ Сыгъдæг Георгийы аргъуанты нывтимæ 600 æвзист æхцайы.

**5 июль — Ирыстоны профцæдисон змæлды бон**

# Арфæ



**Зынаргъ хæлæрттæ!**

**Ирыстоны профцæдисон змæлды 100 азы юбилейы боны зæрдиаг арфæ кæнын республикæйы профцæдисон организациты уæнгтæн!**

**Уыцы сæдæ азы хуымæтæг рæстæджы уаццаг нæ сты, уыдон зынгæ бынат бацахстой нæ республикæ æмæ æппæт бæстæйы историйы. Сыгъдæгзæрдæ, нысанмæарæзт, фæллойыл æнувыд адæм æнæрынцойæ куыстой, цæмæй фидæны фæлтæрты фæрныг цардæн хорз бындур сæвæрой. Ахæм зæрдылдарæн бон сæрмагонд арфæйы ныхæсты аккаг сты профцæдисон змæлды ветерантæ — уыдон сæ фæллойæ стыр æвæрæн бахастой республикæйы социалон-экономикон рæзтмæ.**

**Цæгат Ирыстоны профцæдисты уæнгтæ абон сты 100 мин адæймагæй фылдæр. Профцæдисон организацитæ ахадгæ куыст кæнынц фæллойгæнæг адæмы бартæ æмæ интерестæ хъахъхъæныныл, архайынц, цæмæй куыстуæттæ æмæ æндæр уагдæтты коллективтæн уа фæллад суадзыны æмæ æнæниздзинад фæфидардæр кæныны фадæттæ, цæмæй ветерантæ æмæ рæзгæ фæлтæрмæ уа лæмбынæг цæстдард. Ныфс мæ ис, профцæдисты фæрныг традицитæ хъæздыгдæр кæй кæндзысты, уымæй.**

**Ахсджиаг у, профцæдисты актив хицаудзинады органты минæвæрттимæ, куыстуæттæ æмæ организациты разамонджытимæ æнгом æмгуыстад кæй кæны, уый. Уыцы æууæл хорзæрдæм зыны фæллойгæнæг адæмы бартæ æмæ интерестæ хъахъхъæныны хъуыддагыл. Зындгонд куыд у, афтæмæй æрæджы республикæйы Парламент æмæ профцæдисты иугонд бафыстой æмгуыстады бадзырд. Дызæрдыг нæ кæнын, уыцы бадзырд ноджы æнгомдæр æмархайдæн ахъаз кæй уыдзæн, ууыл.**

**Зынаргъ хæлæрттæ, мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад, амонд æмæ фæрныгад! Уæ арфæйаг архайды алкæддæр æнтыстджын ут!**

*Алексей МАЧНЕВ,*
*Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар*

**Семинар**

# Туризмы райрæзтæн

Знон Хъæрæсе-Черкесийы сæйраг горæт — Черкесскы цы уæрæх æмбырд уыд, уый архайджытæ бæстон æрныхас кодтой мидбæстон æмæ фæсарæйнаг туризмы райрæзтæн ахъазгæнæг сæрмагонд федералон программæ бацæттæ кæныны фарстатыл.

Уый тыххæй хъусын кæны РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ РЦИ-Аланийы Хицауады пресс-службæ.

Туризмы федералон агентады хъæппæрисæй цы семинар сарæзтæуыд, уым Цæгат Ирыстонæй архайдта сæрмагонд делегаци, йæ сæргъы республикæйы Туризмы комитеты сæрдар **Гæджиты Вильям**, афтæмæй.

Зындгонд куыд у, афтæмæй ныртæккæ федералон центр æмæ регионтæ 2019-2025 азтæн цæттæ кæнынц сæрмагонд программæ мидбæстон æмæ фæсарæйнаг туризмы райрæзты фарстаты фæдыл. Æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой фидæны программæйы уагæвæрдтыл, бахастой бæлвырд фæндæттæ æмæ фиппаинæгтæ. Уазæгуаттæ æмæ туристон инфраструктурæйы иннæ объектты кусджытæн та сарæзтой ахуыртæ.

Семинары фæстæ Цæгат Ирыстоны Туризмы комитеты сæрдар Гæджиты Вильям журналисттæн куыд радзырдта, афтæмæй ахæм фембæлдтытæ ахсджиаг сты нæ республикæйæн. Йæ ныхасмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстон туризмы райрæзты фарстатæм стырдæр æргом аздæхта, куыст цæуы, цæмæй республикæ уæрæхдæр архайа, ацы къабазы хъомысæн ахъаз чи уа, уыцы федералон программæты.

Куыд зонæм, афтæмæй Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг **Битарты Вячеслав** йæ Доклад-ныстуаны куыд фæнысан кодта, афтæмæй республикæйы социалон-экономикон райрæзты хъуыддаджы стыр ахадындзинад ис туризмæн. Республикæйы разамонæг профилон ведомствотæн бахæс кодта, цæмæй сног кæной раздæры æмæ бацæттæ кæной ног туристон маршруттæ, стæй Цæгат Ирыстоны туристон проекттæм инвесторты æргом раздахой.

**Нæ уацхæссæг**

**Æмбырд**

# Монополиты ныхмæ службæ дзуапп дæтты...

**Монополиты ныхмæ федералон службæйы Цæгат Ирыстоны управлени ацы азы фыццаг æртæ мæйы дæргъы куыд архайдта, цавæр рауадысты кварталы куысты бæрæггæнæнтæ, уыдæттыл уыд сæ ныхас управленийы кусджытæн сæ уæрæхдæргонд æмбырды.**

Барадон системæйæ пайда кæнгæйæ, товарты базарады конкуренци куыд хъахъхъæдта, рекламæ æмæ финансон базарадмæ, хицаудзинады органты архайдмæ, стæй паддзахадон нысаниуджы æлхæнинæгтæ кæныны къабазмæ цæст куыд дардта, уыдæттыл бæстон æрныхас кодта управленийы разамонæг **Плиты Раман**. Æмбырды архайдтой уæрæсейаг æхсæнадон организаци "Опора России"-йы, нæ республикæйы Æхсæнадон палатæйы, министрадтæ æмæ ведомствотæ, прокуратурæ æмæ æндæр барадхъахъхъæнæг органты, стæй республикæйы районты минæвæрттæ.

### Товарты базарады конкуренци хъахъхъæнын

Хæдзариуæггæнæг иуæй-иу субъекттæ иннæтæй бæрзонддæр бынат базарады кæй ахсынц æмæ уымæй сæхицæн пайда кæй кæнынц, уый фæдыл ацы азы фыцццаг кварталы Монополиты ныхмæ цæгатирыстойнаг управленимæ æрбацыд 5 хъасты. Уыдонæй 4 управлени барвыста, цы ведомствотæм хауынц, уырдæм хъуыддаг равзарыны тыххæй, иу хъасты фæдыл та хъуыддаг саразынæн бындур не ссардта. Ивгъуыд азы тæрхондонмæ кæй балæвæрдта, Монополиты ныхмæ управленийы 7 ахæм уынаффæйы нымад æрцыдысты закъоны бындурыл, 2 уынаффæйы та ивд æрцыдысты.

Ацы азы фыццаг æртæ мæймæ управлени сарæзта, пъланмæ хаст чи нæ уыд, 4 ахæм цæстдарæн мадзалы. Бæрæггонд цыд, "Уæрæсейы Федерацийы базарадон архайдæн паддзахадон уаг дæттыны бындурты тыххæй" 381-æм федералон закъон (кæнæ та Базарады тыххæй закъон) куыд æххæстгонд цæуы, уый. Управлени сбæрæг кодта Æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Премьерторг" æмæ æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Гурман"-ы хæрынæн бæзгæ товартæ уæй кæныны уаг. Инспекци куыд равдыста, афтæмæй дыууæ дуканийы дæр разынд Базарады тыххæй закъоны 9-æм статьяйы 1-æм хай халыны цаутæ. Уый дæтты административон æгъдауæй бафхæрыны бар (Уæрæсейы Федерацийы Административон барадхæлдтыты кодексы 14.41-æм статьяйы 1-аг хай).

### Хицаудзинады органты куыстмæ, стæй рекламæ æмæ финансон базарадмæ цæстдарæн мадзæлттæ

Ацы азы фыццаг кварталы управленийы кусджытæ равзæрстой, физикон æмæ юридикон иуæгтæй цы 16 хъасты æрбацыд, уыдон. Хъæстытæн се 'фсон уыд, лотереятæ раст арæзт-иу кæй не 'рцыдысты, банкты архайд раст кæй нæ уыд, уыдæттæ, кæнæ та-иу адæм хъаст кодтой, чи нæ хъæуы, ахæм смс рекламæтæ сæм телефонтæй æрвыст кæй цæуы, ууыл.

Рекламæйы тыххæй закъонæвæрынад фехалыны фæдыл арæзт æрцыд 5 хъуыддаджы (зæгъæм, адæймаджы чи нæ хъæуы, ахæм смс рекламæ æрвыстой гом акционерон æхсæнад "Аккорд" æмæ гом акционерон æхсæнад "Интерлайн").

Административон барадхалыны фæдыл арæзт æрцыд 8 хъуыддаджы. Иварты иумæйаг бæрц рауад 108 мин сомы.

Пъланмæ гæсгæ бæрæггонд æрцыд Октябрыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы архайд, стæй горæт Дзæуджыхъæуы бынæттон администрацийы архайд (уый та пъланмæ хаст нæ уыд). Бæрæггæнæн мадзæлттæ арæзт æрцыдысты РЦИ-Аланийы Амалхъомты барты фæдыл æххæстбæрджыны курдиатмæ гæсгæ. Бæрæггæнæн куыстыты фæдыл арæзт æрцыд 1 рагфæдзæхст.

### Паддзахадон æлхæнинæгтæ кæныны къабазмæ, кæнæ та Контрактон системæйы тыххæй закъонмæ, цæстдарæн мадзæлттæ

Ацы азы фыццаг кварталы Монополиты ныхмæ управленимæ бахъаст кодтой 42 адæймаджы (2016 азы та 43), заказгæнæг органты, конкурстæ æмæ аукционтæ аразæг къамисты æнæраст архайды фæдыл. Уыимæ 12 хъасты баст уыдысты, федералон нысаниуæг кæмæн уыд, паддзахадон ахæм æлхæнинæгтимæ, 25 — Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы чи хъуыд, ахæм æлхæнинæгтæ кæнынимæ, 5 та — муниципалон нысаниуæг кæмæн уыд, ахæм æлхæнинæгтимæ. Се 'ппæты дæр равзарыны фæдыл управлени рахаста уынаффæ, уыцы хъæстытæй 8 растыл банымайын, ома, Контрактон системæйы закъон дзы уыд хæлд. Закъонхалджыты ныхмæ управлени рахаста æмбæлгæ 5 уынаффæйы, æмæ халæн цаутæ иуварсгонд æрцыдысты, цы æмгъуыд сын лæвæрд уыд, уæдмæ.

### Административон барадхæлдтытæ æргом кæныны æмæ административон æгъдауæй бафхæрыны куыст

Ацы азы фыццаг æртæ мæймæ нæ республикæйы Монополиты ныхмæ управлени сарæзта паддзахадон æмæ муниципалон нысаниуæджы æлхæнинæгты къабазы административон барадхæлдыты фæдыл 71 хъуыддаджы. Уыдон равзарыны фæдыл арæзт æрцыд ивар бафидыны хуызы административон æфхæрд баййафыны фæдыл 38 уынаффæйы. Иварты бæрц рауад 624 мин сомы.

Æдæппæт ацы азы фыццаг кварталы, Монополиты ныхмæ управлени федералон бюджетмæ кæй æрдомдта, уыцы иварты бæрц рауад 365 мин сомы.

Æмбырды кæрон Монополиты ныхмæ управленийы кусджытæ, сæ сæргъы сæ разамонæг, афтæмæй дзуаппытæ радтой æмбырды архайджыты фæрстытæн.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Промышленность æмæ транспорты министрадæй**

# Ног автобусы презентаци

**Автотранспортон куыстуат "АлРус"-ы цы æмбырд уыд, уый рæстæджы сарæзтæуыд ног автобус "Vector NEXT"-ы презентаци. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Промышленность æмæ транспорты министрады пресс-службæ.**

Æмбырдмæ фæхуыдтой республикæйы Промышленность æмæ транспорты министрады бæрнон кусджыты, автомобилон куыстуæтты разамонджытæ æмæ къабазы иннæ специалистты.

Республикæйы автомобилон транспорты къабазы дарддæры райрæзты нысантыл æрдзургæйæ, фембæлды архайджытæ æркастысты ног автобусы гæнæнтæм, стæй сæ хъуыдытæ загътой, бæлццæттæласæн маршруттыл дзы хуыздæр куыд спайда кæнæн ис, уый фæдыл.

Автобус "Vector NEXT" у компани "Русские автобусы"-йы продукцийы хуызтæй иу. Специалистты ныхасмæ гæсгæ, ацы транспортон фæрæз аразгæйæ, пайдагонд æрцыд æппæты ногдæр технологитæй. Автобусы ис 21 бадæн бынаты, æдæппæтæй та дзы бацæуэдзæн 50 адæймаджы.

Пятигорскаг компани "СТО-ТСС Кавказ"-йы минæвæрттæ æмбырды архайджытæн радзырдтой, автобустæ лизингы хуызы куыд балхæнæн ис, уый тыххæй, стæй дзуаппытæ радтой Ирыстоны автотранспортон куыстуæтты минæвæртты фæрстытæн.

Цæгат Ирыстоны промышленность æмæ транспорты министр **Хайдарбек Бутов** разыйæ баззад фембæлдæй. Министры ныхасмæ гæсгæ, ныридæгæн бирæ компанитæ уæрæхдæр пайда кæнынц лизингы системæйæ — уый фæрцы ивд цæуынц куыстуæтты транспортон фæрæзтæ, стæй бæрзонддæр кæны бæлццæттæн лæггæдты хæрзхъæддзинад.

**Нæ уацхæссæг**

**Дзырды фарн**

*Кæд сæттын лæгдзинад нæу,*
*Уæд дæ дзырдыл фидар лæуу!*

*ЦОМАЙТЫ Ростислав*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **5 июлы,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **24 — 29 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **24 — 26 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 15,16**

**Хурыскаст** — 4,26
**Хурныгуылд** — 19,42

**Валютæйы аргъ**

**Доллар** — 59,23 ↑
**Евро** — 67,30 ↑

Къамисы æмбырдæй

# Коррупциимæ баст фыдракæндтæ — къаддæр

ТУСКЪАТЫ Таймураз дзы сæрдариуæг кодта, афтæмæй уыд Коррупцийы ныхмæ тохы республикон къамисы радон æмбырд. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг БИТАРТЫ Вячеславы амынддзинадмæ гæсгæ цы æмбырд сарæзтæуыд, уый архайджытæ æрдзырдтой ахуырад æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабæзты коррупцион фæзындытæ æмæ фыдракæндтæ ма 'руадзыны фарстатыл.



Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ РЦИ-Аланийы Хицауады пресс-службæ.

УФ-йы Слестгæнæг комитеты РЦИ-Аланийы Слестгæнæг управленийы организацион-контролон хайады хицау **Дмитрий Ковалев** йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй фæстаг дыууæ азы дæргъы коррупциимæ баст фыдракæндтимæ 34 проценты бæрц фæкъаддæр. Уыимæ, йæ ныхасмæ гæсгæ, куыд æппæт бæстæйы, афтæ нæ республикæйы дæр бæрæггонд цæуынц, адæм "лыстæг" хабæрттæ кæй хонынц, ахæм æгъдаухæлдтытæ — адæймаг куыстхъом кæй нæу, уый фæдыл æвдисæндартæ, медицинон лæггæдтæ кæныны фæдыл лицензитæ, стæй шофырты æнæниздзинады тыххæй бæлвырдгæнæн гæххæттытæ æлхæнын. Уымæй уæлдай, бирæ хъæстытæ ис инвалиды къæпхæн дæттыны фарстаты фæдыл къамисы куысты тыххæй дæр.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы цур Коррупцийы ныхмæ архайды, паддзахадон граждайнаг службæ æмæ кадрты фарстаты фæдыл управленийы хицау **Цгъойты Тамерлан** йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй коррупцион фæзындтытæй тæссаг у паддзахадон нысаниуæджы æлхæнинæгтæ кæныны къабазы дæр. Уый фæндон бахаста, цæмæй коррупцион фæзындтытæ сбæрæг кæныны фæдыл экспертизæ арæзт æрцæуа, æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы кусæндæттæ алыхуызон хостæ, товартæ æмæ лæггæдты тыххæй цы курдиæттæ æрбалæвæрдтой, уыдонæн.

Тускъаты Таймураз уыцы хъæппæрис хорзыл банымадта, фæлæ куыд фæнысан кодта, афтæмæй уыцы экспертизæйы хъомыс фылдæр уыдзæн, министрады специалисттæ нæ, фæлæ йæ æндæр ведомствойы минæвæрттæ куы кæной, уæд. "Куыд зонæм, афтæмæй паддзахадон нысаниуæджы æлхæнинæгтæ кæныны фæдыл техникон курдиат афтæ саразæн дæр ис, æмæ йæм фау не 'рхæсдзынæ, фæлæ, хъыгагæн, арæх вæййынц хицæн адæймæгты пайдайæн конд. Уый хынцгæйæ, экспертизæ хъуамæ уа бæстон æмæ бæлвырд", — бафиппайдта республикæйы премьер-министр.

Дарддæр Цгъойты Тамерлан æмбырды архайджыты æргом аздæхта, медицинон кусæндæтты бæстыхæйтты адæмы хъæстытæ æмæ курдиæттæн цы сæрмагонд къоппытæ сæвæрдтой, уыдонмæ. Цгъойы-фырты хъуыдымæ гæсгæ, уыцы къоппытæ гом кæныны бар рынчындæттæ æмæ поликликæты сæйраг дохтыртæм хъуамæ ма уа, фæлæ йæ бакæнын хъæуы профилон министрады сæрмагонд кусæджы бæрны.

Кæй зæгъын æй хъæуы, коррупцион фæзындтытæй тæссаг у ахуырады системæйы къабазы дæр — зæгъæм, сывæллоны рæвдауæндонмæ рады æвæргæйæ кæнæ йæ скъоламæ дæтгæйæ, паддзахадон кæронбæттæн аттестаци кæнгæйæ, ахуырадон квотæтæ исгæйæ.

Æмæ цæмæй ахæм фæзындтытæн къаддæр бынат уа, уый фæдыл арæзт цæуы бæлвырд мадзæлттæ. Зæгъæм, Цæгат Ирыстоны ныр æртæ азы дæргъы кусы сывæллоны рæвдауæндонмæ рады сæвæрыны автоматизацигонд электронон системæ. Уыцы системæйы архайдмæ адæймагæн ныхилæн нæй, уыимæ, системæйы куысты алкæцы къæпхæн дæр æргомæй фенæн ис.

Сывæллоны скъоламæ райсыны рæстæг та фыццаградон бартæ ис, скъоламæ хæстæг чи цæры, уыцы лæппутæ æмæ чызджытæн. Уыцы сывæллæтты скъоламæ райсыны фæстæ афтид бынæттæ куы баззайы, уæд скъоламæ райсæн ис æндæр микрорайонты цæрджыты дæр. Ахæм фæтк кусын райдайы ахуыры азы райдайæны агъоммæ 1 июны. Æппæт уыцы хъуыддæгты тыххæй къамисы æмбырды раныхас кодта ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Людмилæ Башарина**.

Къамисы æмбырдæн хатдзæгтæ скодта Тускъаты Таймураз.

**Нæ уацхæссæг**

Программæ

## Ирон æвзаг бахъахъхъæнынæн

**Цæгат Ирыстоны хицаудзинад кæуыл бакуыста, 2017-2019 азты ирон адæмы национ-культурон рæзты уыцы паддзахадон программæ баххæст кæнынæл бахардз кæнын бахъæудзæн 430 милуан сомы.**

— Ирæтты национ хæдхуыздзинад бахъахъхъæнын æмæ ирон адæмы национ-культурон рæзты къабазы паддзахадон хицаудзинады органты архайды ахадындзинад фæуæлдæр кæнын нымад сты программæйы сæйраг хæслæвæрдтыл. Ирон æвзагыл республикæйы æвзагон политикæйы нормативон-барадон ифтонгады бындуры арæзтад, стæй фæсарæнты æмæ уæрæсейаг регионты цæрæг, Цæгат Ирыстонæй рацæуæг адæмæн ирон æвзаджы дистанцион ахуырады системæйæ пайдакæнынад дæр программæ баххæст кæнынæн фæахъаз уыдзысты, — загъта РЦИ-Аланийы Национ ахастдзинæдты хъуыддæгты министрады минæвар.

Программæмæ хауæг дыууæ дæлпрограммæйы арæзт сты ирон адæмы национ-культурон хæдхуыздзинад æмæ ирон æвзаг бахъахъхъæнынмæ. Ирон адæмы культурон бынтыл нымад чи у, ахæм æрмæджыты архивон аудио- æмæ видеофыстытæ бахъахъхъæнынмæ, республикæйы туристон бæллиццагдзинад фæфылдæр кæнынæн ахъазгæнæг туристон комплексы арæзтадмæ, национ бæстæзонæн литературæйæ библиотекæты фондтæ хъæздыг кæнынмæ, стæй æрыгон ирон поэттæ æмæ фысджытæн æххуыс кæнынмæ арæзт чи у, программæмæ гæсгæ ахæм куыст æххæст кæндзысты.

Программæйы архайынц Цæгат Ирыстоны Культурæйы æмæ Ахуырады министрадтæ, стæй Фæсивæды хъуыддæгты, Мыхуыры хъуыддæгты, Культурон бынты объектты хъахъхъæнынады æмæ туризмы комитеттæ.

Бынæттон хиуынаффæйад

## Хинæйдзаг арендатортæ

**Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг ÆЛБЕГАТЫ Барис бафæдзæхста зæхх хацццоны райсæг хинæйдзаг адæймæгтыл хъаст кæныны куыст фæрæвдз кæнын. Уый тыххæй бардзырд радта ныхас æхца дæттыны, балансон къамисы куыст æмæ фæндæгты цалцæгкæнынады фарстатыл кæм цыд, уыцы æмбырды.**

Горæты разамонæг сæрмагонд æргом аздæхта зæххы тыххæй хацццоны фиддон æмбырд кæныны куыстмæ.

— Зæхх хацццоны райсæг фæлывд адæймæгтæ нæм бирæ кæй ис, уый нымайгæйæ, адонимæ кусын æмбæлы уæлдай бæстондæр. Æппынкъаддæр æртæ мæйы дæргъы хъалон чи нæ фиды, зæхх хацццоны райсæг уыцы адæймæгты номхыгъд бацæттæ кæнут æмæ сыл æмбæлгæ уагæй бахъаст кæнут. Уымæй уæлдай, горæты территорийыл чи ис, фæдзæхсын уын 15 июлы æмгъуыдмæ æппæт уыцы æнæстационарон базарадон объектты æддаг уынд банывыл кæнын. Базарадон киосктæ горæты иумæйаг архитектурон тыгъдад хъуамæ ма халой. Экономикæйы, амалхъомад æмæ инвестицион проектты управлени æнæстационарон базарады уавæр банывыл кæнæд, — загъта Æлбеджы-фырт.

Ахсджиаг фарстатæ

# Дзæуджыхъæу — нæ райгуырæн, нæ иугæнæг, нæ фидæн



Дзæуджыхъæуы цæрджытæй йæ горæт чи нæ уарзы, ахæм, æвæццæгæн, нæ разындзæн. Алчидæр тыхсы йæ фидæныл, алкæй дæр фæнды, цæмæй нæ горæт уа рæсугъддæр, фидардæр, хъомысджындæр, Уæрæсейы хуыздæр горæттæн уа се 'мсæр. Афтæ цæмæй уа, уый тыххæй цы хъæуы, куыд хуыздæр архайгæ у, ууыл у сæ ныхас не 'хсæнадон уацхæссæгæн æмæ Уæрæсейы Наукæты Академийы социалон-политикон иртасæн институты социалон иртасæн цæгатирыстойнаг хайады сæргълæууæг, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты социологи æмæ социалон куысты кафедрæйы сæргълæууæг, социологон наукæты доктор, профессор ДЗУЦЦАТЫ Хасанæн:

**— Хасан, цæмæй Дзæуджыхъæу нæ бæстæйы хуыздæр æмæ раззагдæр горæтты æмрæнхъ цæуа, йæ къæхтыл фидар слæууа æмæ экономикон æгъдауæй хъомысджындæр уа, иу дзырдæй, цæмæй сæндидза, уый тыххæй цы саразын хъæуы дæумæ гæсгæ?**

— Ацы фарстайы фæдыл хæрзæрæджы май æмæ июны мах сарæзтам экспертон æрфарст, архайдтой дзы 75 адæймаджы. Экспертты 'хсæн уыдысты архитектортæ, ахуыргæндтæ, журналисттæ, культурæйы кусджытæ, скъолатæ æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты ахуыргæнджытæ, юристтæ æмæ æндæртæ. Нæ республикæйы сæйраг горæт цæмæй сæндидза, уый аразгæ уыдзæн фидар разамонæгæй (мэрæй), стæй, демократон бындурыл æнцой кæнгæйæ, уынаффæтæ хæссыны хъуыддаджы горæты цæрджытæ куыд архайдзысты, уымæй. Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийæн раттын хъæуы фылдæр бартæ, фæлæ уыимæ хъуамæ фылдæр уа йæ бæрнондзинад дæр, горæты историон хай, стæй йæ муниципалон районтæ дæр ногæй цæмæй цæхæр скалой, уымæн ахъазгæнæг фæрæзтæ куыд дихгонд цæуынц, уыцы хъуыддаджы. Мæр хъуамæ зона хицæн инвесторты æргом æрбаздахын горæты ахсджиаг фарстатæ лыг кæныны хъуыддагмæ. Уымæн хорз цæвиттон у, фондзстъалыджын уазæгуат "Александровская" кæм æрбынат кодта ныр Сабырдзинады проспекты, уыцы раздæры дукани "Детский мир"-ы реконструкци.

Æрмæст политикон мадзæлтты фæрцы Дзæуджыхъæуы фарстатæн алыг кæнæн нæй. Уыцы хъуыддаг домы ивддзинæдтæ културæйы, стæй ивддзинæдтæ хъуамæ æрцæуой, куыд хуымæтæг граждантæн, афтæ алыхуызон политиктæн сæ цæстæнгасы, зондахасты, сæ фæлтæрддзинады. Дзæуджыхъæуы центр æмæ йæ муниципалон скондтæ сæндидзынæн ахсджиаг уыдзæн, горæты цæрджытæ кæрæдзиимæ куы ныхас кæной, сæ хъуыдытæ куы дзурой, кæрæдзи фæлтæрддзинадыл куы ахуыр кæной, уæд уый дæр.

Глобализацийы нырыккон процесстæ нæ горæтæн дæттынц экономикон интеграцийы æмæ дунеон базарадмæ рацæуыны гæнæнтæ. Горæт хъуамæ зона йæхицæн рекламæ кæнын, куыд инвеститæ кæнынæн аккаг бынат, стæй йæм рæзты гæнæнтæ кæй ис, уыцы хуызы. Дзæуджыхъæуы бынæттон администрацийæн глобализаци дæтты хорз гæнæнтæ, цæмæй нæ горæт суа экономикæйы ахсджиаг цæг, пайда кæнын райдайа нырыккон технологитæй, æмæ уыдætты фæрцы ног улæфт бауадза электронон промышленносты Дзæуджыхъæуы заводтæм.

**— Уæвгæ горæтты фарстатæ абоны дунейы куыд лыггонд цæуынц?**

— Национ паддзахæдтæн сæ архайд нырыккон дунейы ахадгæ уа, уый сæ бон нæу. Сæвзæрæг уавæрты глобалон процесстæй хуыздæр пайда кæнын сæ бон у горæты æмæ бынæттон хицаудзинадæн. Фыццаджыдæр уымæн, æмæ горæттæн, уыимæ Дзæуджыхъæуæн дæр, сæ бон у экономикон пайдадзинадмæ сæ бавæрæн хæссын. Уымæй уæлдай горæттæн сæ бон у бынæттон фæрæзтæй (ома, экономикон пайдадзинадæн социалон бындур аразæг гæнæнтæ æмæ уавæртæй) хуыздæр пайда кæнын. Ног экономикон уавæрты экономикон конкуренцийы бон бавдисын у кусæг професситы дæсны кусджытæ, æмæ уæд конкуренци уыдзæн ноджы ахадгæдæр. Уыцы кусджытæн сæ сывæллæттæн хъуамæ уа, зæрдæдарæн кæуыл ис, ахуырады ахæм системæ. Бынæттон администрацийæн та йæ хæс у бацархайын, цæмæй æхсæнадон транспортæй, аккаг цæрды уавæрты, сыгъдæгцæсгомджынæй службæгæнæг барадхъахъхъæнæг органты, æнаипп куыстгæнæг аварион службæтæ æмæ алыхуызон културон мадзæлттæ арæзыны 'рдыгæй кусджытæ уой æнæмæт.

Дыккаджы, Дзæуджыхъæуы тыххæй куы дзурæм, уæд нæ республикæйы цæрæг бирæнацион адæмæн социокултурон интеграцийы гæнæнтæ арæзыны хъуыддаджы нæ горæтæн ис ахсджиаг бынат. Дзæуджыхъæу иу кæны алыхуызон адæмыхæттытæ æмæ алы динты минæвæртты. Дзæуджыхъæуæн йæ бон у, æмæ рæстæгæй-рæстæгмæ сæвзæрæг быцæуты ныхмæ æвæра интеграцийы тых. Ома, социалон иудзинад фидар кæныны хъуыддаджы хицаудзинадæн йæ архайд бынтон ахадгæ, мыййаг, куы нæ разына динтæ æмæ æндæр аххосæгтæм гæсгæ, уæд горæтæн йæ бон у, æмæ суа социалон интеграцийы ахъаззаг фæрæз.

Æртыккаджы, Дзæуджыхъæуы хуызæн горæттæ сты, республикæйы политикон разамынд кæм æрбамбырд вæййы, ахæм ахсджиаг бынат. Федералон хицаудзинадимæ абаргæйæ, ахæм горæтæн ис фылдæр гæнæнтæ æмæ амæлттæ, сæ нымæцмæ гæсгæ дзы дзæвгар ис алыхуызон организацитæ, паддзахадон кусæнуæттæ (парламент, хицауад, тæрхондæттæ, прокуратурæ, Мидхъуыддæгты министрад), уæлдæр ахуыргæнæндæттæ, граждайнаг ассоциацитæ, компанитæ æмæ бирæ æндæртæ, сæ кæрæдзийы 'хсæн бастдзинад чи дары, ахæмтæ. Уыцы бастдзинæдтæ æркæнынц коллективон, иумæйаг архайдмæ. Иу дзырдæй, Дзæуджыхъæу у политикæйы, экономикæйы, културæйы, дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ æмæ царды æндæр къабæзтæ иугæнæг тых.

Дзæуджыхъæуæн цы хорз традицитæ ис, стæй, социалон-экономикон царды ахсджиаг бынат кæй ахсы, уыдæттæ нымайгæйæ, бынæттон администрацийæн йæ бон у рæстæмбис æмгъуыдмæйы æмæ дард æмгъуыдмæйы стратегион пълантæ æххæст кæныны хæс сæвæрын хицæн экономикон структурæтыл æмæ æхсæнадон организацитыл, дунеон æмвæзады аккаг мадзæлттæ аразын сæ бон кæмæн уа æмæ горæты инфраструктурæ сног кæныныл иумæ чи архайа, ахæмтыл. Æндæр ныхæстæй дзургæйæ, республикæйы æмæ горæты хицауиуæггæнæг структурæтæ граждантæн хъуамæ аразой, хорз мызд кæм уа, ахæм куысты бынæттæ. Дæсны специалисттæй хъуаг æййафы, зæгъæм, информацион технологиты къабаз. Æмæ горæты бынæттон администраци, стæй алыхуызон базарадон структурæтæ, уæлдæр ахуыргæнæндæттæ, хицауад, æхсæнадон организацитæ иумæ сæ цæст хъуамæ дарой æртæ ахсджиагдæр нысан сæххæст кæнынмæ: фыццаг — Дзæуджыхъæу Уæрæсейы Федерацийы горæтты системæимæ баиу кæнын; дыккаг — коммуникацитæ æмæ транспорты инфраструктурæ банывыл кæныны фæрцы горæты цæрджытæн сæ уавæртæ фæхуыздæр кæнын; æртыккаг — лæггадгæнæг æмæ куыстуаты сектортæ конкуренцийы æгъдауæй ноджы фæхæрзхъæддæр кæнын, стæй уыцы-иу рæстæг экономикæйы ахсджиагдæр къабæзтæ размæ ракæнын.

**— Нырыккон социалон-экономикон æмæ политикон уавæрты горæты мæрæн йæ архайдмæ гæсгæ цавæр нысан ис йæ куысты бынатæн?**

— Дзæуджыхъæу политикон æмæ экономикон центр кæй у, уый нымайгæйæ, æнæаивгæ нæй горæты разамонæгæн дæр йæ архайд. Горæты политикæ размæ ракæнын æмæ горæтæн йæ ном бæрзонд сисын аразгæ уыдзæн, адæймаг йæ удыхъæды миниуджытæм гæсгæ тыхджын разамонæгæн бæззы æви нæ, уымæй. Дзæуджыхъæуæн йæ ном бæрзонд сисын, Уæрæсейы хуыздæр æмæ раззагдæр горæтты æмрæнхъ æй сæвæрын, йæ хуыз ын бынтондæр аивын — уыцы хъуыддагæн йæ фылдæр аразгæ у горæты разамонæгæй. Æмæ йын уый куы бантыса, уæд нæм инвесортæ дæр се 'ргом раздахдзысты.

**Петр САФРОНОВ**

Æхсæнад

# Горæтгæрон районы ныхасы фæлтæрддзинад

**Ивгъуыд къуыри уыд Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы президиумы æмбырд. Амыдта йæ "Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг ХУЫТЪИАТЫ Таймураз.**

Æмбырды архайджытæ байхъуыстой æмæ бæстон æрныхас кодтой Горæтгæрон районы хайады сæрдар **Ходы Æхсары** доклады фæдыл барадхъахъхъæнæг органтимæ фыдракæндты, экстремизм æмæ терроризмы ныхмæ тохы тыххæй. Æхсар куыд бафиппайдта, афтæмæй тынг æнгом кусынц районы автоинспекцийы хайады сæргълæууæг **Реуазты Эльбрусимæ**. Районы автоинспектортæ ноздджынæй кæй бауромынц, уыдонæн сæ æфхæрд ивартæй нæ ахицæн вæййы, фæлæ фыдракæнæг цы хъæуы фæцæры, уый Хистæрты советы æмæ мыггаджы хистæртимæ Ныхасы уæнгтæ фембæлынц фыдракæнæгимæ. Цард куыд æвдисы, афтæмæй уыцы фембæлдтытæ стыр ахъаз фæвæййынц, цæмæй уыцы адæймаг дыккаг рæдыд мауал æруадза, уымæн. Уæдæ сыхæгтæ дæр кæсынц æмæ æрцæуынц ахæм хъуыдымæ, цæйнæфæлтау дæ дуармæ мыггаджы хистæртæ æмæ ныхасы уæнгтæ æрбалæууой, уый бæсты хиуыл хæцын, æнæрæдыд фæндæгтыл цæуын бирæ хуыздæр у.

Ходы Æхсар куыд бацамыдта, афтæмæй районы барадхъахъхъæнджытæ арæх скæнынц рейдтæ, адæмæй цы хъæстытæ æрбацæуы, уыдоны фæдыл. Уыцы рейдты фæстиуджытæ фæвæййынц хорз æвдисæнтæ рæстдзинад сбæрæг кæнынæн. Зæгъæм, районы ныхасмæ æрбацыд хъаст, цæрджытæн æрмæст сæхицæн нæ, фæлæ сæ фосæн дæр Тарскæмæ фæндагыл Камбилеевкæйы донмæ бацæуыны бар кæй нал уыд, уый тыххæй. Ныхасы уæнгтæ барадхъахъхъæнæг органтимæ бабæрæг кодтой уыцы бынæттæ. Доны былты зæххы хæйттæ цы бирæ адæм бацахстой, уыдонæй æрмæст æртæ адæймагмæ разынд зæххæй пайда кæныны гæххæттытæ. Æхсары хъуыдымæ гæсгæ хорз фæстиуджытæ дæттынц хъæуты Ныхасы уæнгтимæ æмæ цæрджытимæ фембæлдтытæ. Лæгæйлæгмæ ныхас æнгомдæр кæны Ныхасы уæнгты, æнцондæр æмæ сын хъомысджындæр кæны сæ архайд.

Докладгæнджыты фæстæ раныхас кодтой æмæ хорзыл банымадтой Горæтгæрон районы Ныхасы фæлтæрддзинад **Ælборты Иранбег, Гаджиты Петр, Ælборты Иван, Таутиаты Минтæ**. Доклады фæдыл фарстатæ Рахизфарсы районы куыд æххæстгонд цæуынц, уый тыххæй цыбырæй радзургæйæ, хорзыл банымадта горæтгæройнæгты фæлтæрддзинад **Томайты Савели**.

"Иры Стыр Ныхас"-ы президиум уынаффæ рахаста, цæмæй Горæтгæрон районы Ныхасы архайд нымад æрцæуа хорзыл æмæ уыцы фæлтæрддзинадимæ базонгæ кæной иннæ районты дæр.

Президиумы уæнгтæ ма æркастысты æндæр фарстатæм дæр. Зæгъæм, республикæйы цæрджыты социалон-экономикон уавæр куыд фæхуыздæр кæнын хъæуы, уый фæдыл мадзæлтты тыххæй раныхас кодтой социалон-экономикон фарстаты комитеты сæрдар **Томайты Эльбрус** æмæ "Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдары хæдивæг **Бæдтиаты Гришæ**. Абон æхсæнады газет "Стыр Ныхас" цы уæззау финансон уавæры ис, уый фæдыл уыд йæ раныхасы сæр газеты редактор **Бицъоты Барисæн**.

Президиумы уæнгтæ æрныхас кодтой Хетæджы Уастырджийы бæрæгбонмæ цæттæ кæныны куыстытæ куыд цæуынц, уый фæдыл.

**КАСАТЫ Батрадз**

# "Иры Стыр Ныхас"-ы сылгоймæгты комитеты СИДТ

**Фарн уæм бадзурæд, Ирыстоны сылгоймæгтæ!**

Нæ рагфыдæлтæй нын цы бæрæгбæттæ баззад, уыдоны арфæ æмæ хорзæхтæй хайджын ут!

Æрхæццæ кæны табуйаг бæрæгбæттæй иу — Тымбыл хъæды рухс дзуары адæмон бæрæгбон. Не 'ппæтæн дæр æххуысгæнæг æмæ ахъазгæнæг уæд!

Бирæ адæм сæ кувинæгтимæ цæудзысты йæ куывддон бынатмæ. Сыгъдæг зæрдæйæ кувдзысты æмæ курдзысты Хуыцауы æмæ Лæгты дзуары хорзæхтæ хистæрæй-кæстæрмæ æмæ сын æххуысгæнæг уæнт. Ирыстоныл ауды æмæ йæм зæрдиагдæрæй чи бакуывта, уый куывд æрцæуæд нæ алкæуыл дæр.

Уæ хорзæхæй, ирон адæм, курæм уæ!

Уыцы сыгъдæг, зæдбадæн бынатмæ алчидæр, куывддонæн куыд æмбæлы, ахæм уагæвæрд æмæ зæрдæйы ахастимæ бахизæд.

Нæ ныхас у сылгоймæгтæм. Кæд нæм ахæм бар æрхауд, цæмæй мах дæр нæлгоймæгты æмрæнхъ цæуæм Тымбыл хъæды дзуары бынмæ, уæд æй кæнын хъæуы аив уæлæдарæсы, уæ сæртыл — сæрбæттæнтæ æмæ уæхи уæзданæй æвдисут. Ома, ирон сылгоймагæн, куыд æмбæлы, афтæ.

Лæппу фæсивæдæн не 'мбæлы дзуары бынмæ спортивон дарæсы цæуын.

Тымбыл хъæды дзуары бынат ирон адæмæн у Хуыцауæй лæвæрд кувæндон. Ахæм бынат та алы адæймагæй дæр домы æгъдау, æфсарм æмæ уды сыгъдæгдзинад. Хъæрæй дзурын, схуыст кæнæ дзы æнæуаг ныхас кæнын не 'мбæлы. Хорз уаид, уыцы бон алчидæр йæ кувинæгтæ хъæбæр ноззæй куы бахизид, уæд. Куывддон бынатмæ æртæдзыхæттæ æмæ мысайнæгтимæ хæссын æмбæлы бæгæны.

Уæ хорзæхæй, ирон адæм, раздæхæм, нæ кадджын фыдæлтæ нын цы хорз, табугæнæн æгъдæуттæ ныууагътой, уыдонмæ!

Кадджынæй æмæ сæ сæрыстырæй хæццæ кæнæм нæ кæстæртæм!

Мах, "Иры Стыр ныхас"-ы комитеты уæнгты, уырны, бæрæгбон кæй ацæудзæн рæсугъд, ирон æгъдаумæ гæсгæ.

Бæрæгбон уын хорздзинæдтæ æрхæссæд!

Медицинæ

# Рынчыны электронон сыфтæ

**Цæгат Ирыстоны медицинон кусæндæттæ пайда кæнын райдыдтой рынчыны электронон сыфтæй.**

**Ацы куыст æххæст кæнын райдайынæн ведомствоты иумæйаг кусæг къорд равзæрста æртæ медицинон кусæндоны: Дзæуджыхъæуы æрбынæттон уæвæг фыццæгæм æмæ сывæллæтты фыццæгæм поликликæтæ, стæй Беслæны ФГБУ "Цæгат Кавказы бирæкъабазджын медицинон центр". Дыууæ азмæ проект аххæсдзæн республикæйы æппæт 48 медицинон кусæндоныл. Медицинон кусджыты цæттæ кæныны хъуыддаг бабар кодтой ГБУЗ "РМИАЦ"-æн æмæ Цæгат Кавказы бирæкъабазджын медицинон центрæн. 12 егъау фæдзæхстгæнæджы — бизнесы, стæй уæлдæр ахуыргæнæндæтты æмæ медицинон кусæндæтты минæвæрттæ — барвыстой проекты архайыны фæдыл курдиæттæ. Ацы æмæ иннæ азты дæргъы проект аххæсдзæн фæдзæхстгонд кусджыты 22 процентыл æмæ 50 фæдзæхстгæнæгыл.**

*УФ-йы Социалон фæдзæхстады фонды цæгатирыстойнаг хайад*

Рохæн æвгъау нæмттæ

# Адæймаг, дуг æмæ рæстæджы фидиуæг



## Хъесаты Валодяйы райгуырдыл сæххæст 85 азы

**Адæймаг Хуыцауæй арфæгонд куы разыны, йæ буар, йæ уд æмæ йæ зонды бар куы вæййы, уæд иннæ хъуыддæгтæ аразын йæхимæ фæкæсынц. Ома, алы зæрдæ æмæ зонды хицау дæр йæ амонд йæ армытъæпæны хæссы. Æмæ йын Хуыцауы номыл сыгъд цырагъы хуызæн куы хъахъхъæнай йæ царддæттæг рухс, уæд дæ рæствæндаг кæндзæн дзыллæйы зæрдæмæ. Зæххон адæймæгтæй, æвæццæгæн, ахæм цардæрфысты хицау суæвын кæй нæ фæнды, ахæмтæ нæй. Адæймаджы царды æрдзон фæстиуæг — куырыхон фæндагыл кæд исчи сыгъдæгзæрдæ æмæ раст зондахастимæ фæцыдис, уæд уыдонæй иу уыдис Хъесаты Валодя. Ирон культурæ æмæ аивады зындгонд архайæг бирæ бæрнон бынæтты куыста, бирæ фæлварæнтæ радта царды мидæг, фæлæ адæймаджы стыр бæрны сæрты никуы ахызт.**

### Йæ фарны рухс кæддæриддæр цæрдзæн

Хъесаты Алыксандры фырт Валодя райгуырдис 1932 азы хурхæтæны мæйы 15-æм бон Цæгат Ирыстоны Горæтгæрон районы Ногирыхъæуы. 1940 азы бацыдис астæуккаг скъоламæ æмæ йæ каст фæцис 1952 азы. Чысыл фæстæдæр (1953) ссис Хетæгкаты Къостайы номыл пединституты историон-филологон факультеты студент. 1958 азы райста ирон æвзаг æмæ литературæйы, уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæджы дæсныйад æмæ æртæ азы (1958-1960) бакуыста Нартыхъæуы астæуккаг скъолайы ахуыргæнæгæй. Хъесайы-фырт фыццаг бонтæй фæстæмæ хъомылгæнæджы куыстмæ касти сфæлдыстадон цæстæнгасæй æмæ йын æнтысгæ дæр уымæн кодта. Æрыгон ахуыргæнæджы хъæппæрисджын куыстыл сæ цæст æрæвæрдтой Ирыстоны аивад æмæ рухсады разамонджытæ æмæ йæ снысан кодтой культурæйы министрады методкабинеты сæргълæууæгæй (1961-1962). Æмæ та ам дæр йæхи равдыста арæхстджынæй: цыбыр рæстæгмæ Валодя куыст бынтондæр рацарæзта йæ дуджы домæнты æмвæзадыл, æмæ йын уый æрхаста стыр æнтыстдзинæдтæ. Разамонæджы курдиат æмæ куысты бæрн — æнтыстдзинады ратæдзæнтæ кæй сты, уый руаджы Хъесайы-фырт бамбæрста йæ дарддæры царды нысан. Æмæ уым уыдис йæ амонд, йæ кад æмæ йе сфæлдыстадон рæзты райдайæн. Æрыгон разамонæджы размæ байгом ис уæрæх фæндаг царды рæстдзинад æмæ аивады хæзнадонмæ. Фæлæ æппынæдзух йæ зæрдæ æхсайдта йæ райгуырæн хъæу æмæ йæ районмæ. Уыцы тырнындзинады фæстиуджытæ йын ахастой æнæхъæн дыууадæс азы (1962-1974) бæрц. Уыд Горæтгæрон районы партийы райкомы инструктор, уый фæстæ агитаци æмæ пропагандæйы хайады сæргълæууæджы хæдивæг, чысыл фæстæдæр та йæ разамонæг. Æвдайæм азты фыццаг æмбис — партийы райкомы дыккаг секретарь.

1974 азы нысангонд æрцыдис Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театры директорæй æмæ йын разамынд лæвæрдта 1979 азмæ. Дыууæ азы (1979-1981) бакуыста партийы обкомы мыхуыр æмæ телеуынынады секторы сæргълæууæгæй, агитаци æмæ пропагандæйы хайады сæргълæууæджы хæдивæгæй (1981-1982), партийы обкомы фыццаг секретары æххуысгæнæгæй (1982-1985). 1985 азы нысангонд æрцыдис Цæгат Ирыстоны культурæйы министрæй æмæ дзы бакуыста 1988 азмæ. Уый фæстæ та йæ снысан кодтой республикæйы сæйраг газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редакторæй. Хъесайы-фырт ирон культурæйы цы сгуыхтдзинæдтæ равдыста, уыдоны тыххæй хорзæхджын æрцыдис цалдæр майданæй æмæ Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæджы кадджын номæй. Куыстадон, æхсæнадон æмæ сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæй уæлдай ма Валодя йæхи равдыста бинонты хорз хистæрæй дæр. Йæ цардæмбал Гуыриаты Изетæимæ (рухсаг уæд) схъомыл кодтой хæрзæгъдау кæстæртæ: сæ чызг — Фатимæ у экономикон наукæты кандидат, доцент, ЦИПУ-йы юридикон факультеты декан, сæ фырт Игорь та РЦИ-Аланийы Фæллой æмæ социалон рæзты министр. Дыууæ азæй фылдæры размæ Хъесаты Валодя ацы рухс дунейæ ацыд. Фæлæ йæ фарн уæлæуыл баззад. Цасфæнды рæстæг куы рацæуа, уæддæр йæ ном рох нæ уыдзæнис, уымæн æмæ йæ ном бацыдис Ирыстоны историмæ. Азтæ цæудзысты кæрæдзи фæдыл, æрмæст Валодяйы фарны рухс кæддæриддæр цæрдзæн æмæ рæстдзинадæн уыдзæн фæндагамонæг.

Хъесаты Валодя газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редакторæй фæкуыста фынддæс азæй фылдæр. Йæ арæхстджын разамынды фæрцы нæ ирон газет уæрæх фæндаг ссардта газеткæсджыты зæрдæтæм. Цы бирæ мидисджын æрмæджытæ дзы мыхуыргонд цыд, уыдон адæм кастысты тынг зæрдиагæй. Газетæн арæхстджын разамынд дæттынæй уæлдай Валодя стыр æргом здæхта сфæлдыстадон куыстмæ дæр, ныффыста бирæ пьесæтæ, уацаутæ, радзырдтæ, очерктæ, уацтæ, интервьютæ, уацхъуыдтæ. Йæ аивадон уацмыстæ мыхуыргонд цыдысты, куыд хицæн чингуытæй, афтæ журналты ("Мах дуг", "Фидиуæг") æмæ газетты ("Рæстдзинад", "Хурзæрин") дæр. Йæ пьесæтæм гæсгæ спектакльтæ æвæрд цыдысты Ирон театры сценæйыл. Хъесайы-фырт уыд дæсны тæлмацгæнæг дæр. Фæстаг азты йæ базыдтам зонадон куыстыты авторæй дæр.

### Ирон театрæн лæггадгæнæг

Хъесаты Валодяйы сфæлдыстадон дуне цы æрдзон арæнтæй арæзт у, уыдонæй иу баст у драмон аивадимæ. Ирон сценæ æмæ йæ алыварс цы архайд цæуы, уыдоныл драматург иузæрдион уыдис æвзонджы бонтæй фæстæмæ. Стæй куыд нæ: чысылæй фæстæмæ йæ цæстыты раз уыдис йæ хъæуккæгтæ Плиты Грис æмæ Хуыгаты Георы бирæвæрсыг сфæлдыстад. Къостайы номыл пединституты студент уæвгæйæ, разæнгардæй архайдта драмон къорды æмæ кæфтыты ансамблы. Аив кæсыны конкурсты йын арæх лæвæрд цыдис зæрдылдарæн лæвæрттæ æмæ æхцайы премитæ. Нартыхъæуы астæуккаг скъолайы кусгæйæ, Валодя сарæзта драмон къорд. Къордимæ Нигеры кадæг "Мулдар"-мæ гæсгæ цы спектакль (инсценировкæ йын ныффыста йæхæдæг) сæвæрдта, уый тынг фæцыд адæмы зæрдæмæ.

Валодя пьесæтæ фыссынмæ бындуронæй бавнæлдта, Ирон театры директор æмæ аивадон советы сæрдарæй æвзæрст куы æрцыдис, драмон аивады æмæ сценикон архайды сусæгдзинæдтæ хуыздæр куы базыдта, æрмæстдæр уæд. Тынг ын бахуыс кодта, ирон æвзагмæ зындгонд авторты пьесæтæ кæй тæлмац кодта, уый дæр. Бирæтæ дзы æвæрд æрцыдысты Ирон театры сценæйыл. Афтæ æрдзон хуызы курдиатджын автор æрцыдис йæ хуыздæр пьесæтæй иу "Царды хос" (1978) ныффыссыны хъуыдымæ. Драматург дзы равдыста нырыккон дуджы хъæууон царды ныхмæвæрд цаутæ: Æхсар æмæ Зæринæйы уæздан, тыхджын æмæ сыгъдæг уарзондзинад, фæстæзад зондыл хæцджытимæ тох. Пьесæйы сæйраг мидис у ахæм: адæмæн сæ фидæн сæхицæй аразгæ у, сæ царды хос дæр ис сæхи къухы — йæ ном та хуыйны ног дуджы домæнтæм гæсгæ кусын. Адæмы хорздзинад кусæг лæджы удыхъæдæй кæны хъæздыгдæр, цæлхдуртæ йæ нæ уромынц. Уыцы æууæлтæ æмæ миниуджыты фæрцы фæуæлахиз вæййынц Æхсар æмæ Зæринæйы рæстдзинад æмæ уарзондзинад.

Йæ иннæ пьесæ "Хæххон зарæг" фыст æрцыд 1983 азы. Æвдыст дзы цæуы, арæхстджын æмæ кадджын разамонæджы йæ бинонтæ сæ цæстфæлдахæн, æнæуаг æмæ хæлд митæй куыд фæхудинаг кодтой, уыцы хабæрттæ. Уыйадыл дæсны æмæ хъæппæрисджын адæймаг баззад æгуыстæй, фæлæ уæддæр, йæ размæ цы стыр хæстæ æвæрд уыдис, уыдон сæххæст кæнын йæ къухы бафтыд. Дард хæхбæсты сарæзта нырыккон куыстуæттæ, аласта уырдæм йæ бинонты дæр, ныууадзын сын кодта се 'нæсæрфат митæ æмæ сæ бафтыдта хъазуатон куыстыл. Кæддæры æдзæрæг хъæуы ног куыстуаты фæрцы райгуырди хъæубæстæ æмæ стынг ис къонайы цæхæр. Хæдзарад стыр æфтиæгтæ дætты адæмæн дæр æмæ паддзахадæн дæр. Хæххон хъæуы ногæй райгуырдис хæххон зарæг.

"Цины цæссыгтæ"-йы автор зæрдæмæдзæугæ сурæтты фæхайджын кодта тыхджын æнкъарæнтæй, раргом кодта фæсивæды æгæрон уарзондзинад саджы лæппынмæ, фыдызæхмæ. Иннæрдыгæй драматург хурмæ ракалдта æнæуынон æрдзхорты, магусаты æгæнон митæ. Уацмысы ныхæй-ныхмæ æрлæууыдысты дзыллæйы æвæрццæг æмæ æппæрццæг æууæлтæ. Чи дзы фæуæлахиз уыдзæн, уый стыр сусæгдзинад нæу. Афтæ зæгъæн ис пьесæ "Сау хохæй урс дур нæ тулы"-йæ (фыст æрцыдис 1987 азы) дæр. Хъесайы-фырт ам дæр дæсны пайда кæны аивадон ахорæнтæй, цæмæй хæлд ныййарджыты хæлд хъуыддæгтæ хурмæ ракала, уый тыххæй. Фыдгæнæг ныййарæг йæ фырты дæр бафтыдта хæлд æмæ æнæуаг митыл, йæхи къухæй йæ баппæрста фыдгæнджыты хъæбысмæ. Ацы пьесæ у "Цины цæссыгтæ"-йы дыккаг хайы хуызæн — ам ноджы тыхджындæрæй æвдыст цæуы канд æгæрон уарзондзинад æрдзмæ нæ, фæлæ удуæлдай тохы мидæг фæсивæды минæвæрттæ фыдгæнджытыл кæй фæуæлахиз сты, уый.

Иуактон пьесæ "Æфсинты маст" фыст у абоны цардыл. Æвдыст дзы цæуы реалон хабæрттæ, — иу бинонты хуызæн хæлар æмæ уарзонæй цæрæг æфсинтæ æцæгæлон æгъдæутты фæрцы сæ адджын цард куыд æрбайхæлдтой, уый. Уыйадыл кæрæдзимæ знаджы цæстæй кæсын райдыдтой, хоты цард чи кодта, уыцы æфсинтæ. Æнамонд хабар фехъуыста сæ сыхы куырыхон хистæр æмæ сæ фервæзын кодта зындоны уацарæй. Дыккаг иуактон пьесæ "Хъæууон ныхас" дæр фыст у абоны цардыл. Ныхасы хистæртæ стыр мæты бацыдысты, сæ хъæуы кæстæртæй чидæртæ хъылма дымыны фæндагыл кæй ныллæууыдысты, давын æмæ марыныл кæй нал ауæрдынц, уый фæдыл. Рæдыд фæндагыл чи ныллæууыд, уыдонæй у Ныхасы лæгтæй иуы фырт. Хъæуы хистæртæ уый куы базыдтой, уæд æвæстиатæй уавæры бацыдысты æмæ сæ фервæзын кодтой ронбæгъд царды уацарæй.

Иумæйагæй пьесæтæн се 'взаг у адæмон, æнцонæмбарæн, сурæтджын, аивадон мадзæлттæй — нуарджын æмæ хъæздыг. Хъесайы-фырты драмон уацмыстæм гæсгæ цы спектакльтæ æвæрд æрцыдис, уыдон дæр рауадысты сæ литературон оригиналтæм хæстæг. Афтæ зæгъæн ис, Валодя мадæлон æвзагмæ кæй раивта, уыцы пьесæтæй дæр. Драматурджы фæрцы ирон театрдзаутæ сæ зæрдæтæм хæстæг райстой Мирослав Крлежийы ("Господа Глембаи"), Ахмедхан Абу-Бакары ("Сказание о гончарном круге"), Бабахановы ("Седьмой джин") æмæ æндæр авторты хъайтарты.

### Фыссæджы "чысыл прозæ" — стыр аивадон дуне

Фыссæджы сфæлдыстады иннæ базырджын къабаз та у аивадон прозæ. Валодя — прозаик, фыццаджыдæр, зындгонд у йæ радзырдтæй æмæ уацаутæй. Сфæлдыстадон адæймаг аивады иу къабазæй (драмæ) — иннæмæ (прозæ) куы раивы йæ дзырдаивады хъуыдыкæнынад, уæд тæссаг вæййы рохсты уацары бахауынæй. Фæлæ автор бæрнон къахдзæфы размæ йе 'ппæт монон тыхтæ куы æрбамбырд кæны, уæд æй уыдон канд уæлтæмæнады уылæнты нæ баппарынц. Бирæ хъуырдухæнты фæстæ йæм, дзæнæты цъæх кæрдæгау, æрбазынынц фæлдзусады быдырты æмæ йæ зæрдæ байдзаг вæййы æхцонад, æнцонад æмæ уæлмонцадæй. Æмæ хъуыддаг æцæгæй дæр афтæ кæй у, уымæн уырнинаг æвдисæн у Хъесайы-фырты фыццаг уацау "Зæринджын" (мыхуыргонд æрцыд газет "Рæстдзинад"-ы фæрстыл).

Уымæн æнæмæнг банымайæн ис Валодяйы прозæйы стырдæр æнтыстытæй иуыл. Аивадон уацмыс ма нын иу хатт равдыста, йæ автор хæдбындур цæстæнгас æмæ хæдбындур æрмдзæфы хицау кæй у, уый. Уыцы мидис адæймаджы хъуыдымæ куыд æнæнхъæлæджы æрбагуылф кæны, афтæ æнæнхъæлæджы нæ фесæфы, фæлæ нæ уацмысы хъуыдымæ нылвасы æмæ нæ суанг йæ кæронмæ нал суадзы. Æмæ дзы адæймаг арф сагъæсты цæуыл ахъуыды кæна, ахæмтæ иу æмæ дыууæ сурæты нæй. Архайд цæуы Ирыстоны хæххон хъæутæй иуы.

Уацауы сæйраг хъайтар Миттыл йе 'намондæн сæхимæ æрбахуыдта амырыкаг сæудæджергæнæг Джорджы. Уазæг — фысымы йæхиуыл æнцонæй бауæндын кодта, хъазгæ-хъазын та йын, фыдæй-фыртмæ цы бынтæ баззад, уыдон асайдта. Фæлæ "æнæхуынд" уазæгмæ уый фаг нæ фæкаст: йæ усæн ын цыдæр хъылматæ бадардта æмæ йæхи куы нал æмбæрста, уæд ын тыхми бакодта. Дарддæр — фылдæр, бæгънæг сылгоймагæн видеомæ йæ хуызтæ фæиста, цæмæй йæ уый фæстæ фæхудинаг кæнынæй тæрсын кæна, уый тыххæй. Ус йæ худинаг бамбæхста æмæ уæд амырыкагæн бынтондæр йæ рохтæ феуæгъд сты. Миттыл æмæ йæ бинойнаг Хуызæйæ сарæзта æххуырстытæ. Фæлæ Зæринджыны цæрджыты фылдæр, фыццаджыдæр, хъæуы хистæртæ Ахболат æмæ Гицо, уыцы зæрдæлхæнæнтыл нæ бауæндыдысты. Бæргæ хызтой æнæсæрфат къахдзæфтæй Миттылы дæр, фæлæ сæм нæ байхъуыста, йæхи фæнд атардта æмæ тынг фæрæдыд. Йæ фæллæйтты уæлдай ма йын йæ усы уд дæр байстæуыд.

Джорджы къухы ма бафтыд хъæуыхицау Хъайтар дæр. Балæвар ын кодта сыгъзæрин сахат æмæ долларты тыхтæттæ (алы гæххæтты фæстæ дæр). Мæсыг хи дурæй хæлы æмæ æнæхуынд уазæг фыдбылыз кæныныл нал ауæрста. Фæстагмæ йæ тугмондаг фæндтæ æмбæхсгæ дæр нал кодта: Зæринджыны скæндзæн сыгъзæрин къахæн шахтæтæ, хъæуы бынаты та уыдзæн — æрзæткъахджыты поселок. Хъæуы хистæртæ æнахуыр уазæгæн бамбарын кодтой, цæмæй хъæубæстæйæ дзæбæхæй йæхи айса, фæлæ сын сæ ныхас ницæмæ æрдардта. Дарддæр дæр йæ кæнонтæ кодта. Миттыл æмæ Хуызæйæн уыдис дыууæ сабийы: чызг — Афинæт — ахуыр кодта университеты, лæппу та фыста йæ паддзахадон хæс æфсады рæнхъыты. Ныййарджыты, мæгуыр, сæхи мæт нал ис, фæлæ тыхсынц сæ сабитыл. Сæхимæ куы сыздæхой æмæ сæ хæдзар кæйдæр у, уый куы базоной, уæд цы зæгъдзысты?!.

Иуцасдæр рæстæджы фæстæ улæфыны рæстæг Зæринджынмæ фæзынд Афинæт. Зæды хуызæн рæсугъд æмæ уæздан чызгмæ уыдис бирæ рухс фæндтæ. Арæх хъуыды кодта, йæ сусæг уарзон Сæгуытимæ сæ цард куыд баиу кæндзысты, уыл. Фæлæ йæ рухс фæндтæ йæ хъуыры фæбадтысты. Джорджæн та уымæ дæр бахъазыд йæ зæрдæ... Чызджы ныййарджытæм ногæй йæхи æрфæлмæн кодта, Афинæтимæ та ныхас кодта англисагау, йæхицæй æппæлыд, алы фæлывд митæй йын æлхæдта йæ зæрдæ. Лæгъз ныхасæй йын дзы куы ницы рауад, уæд та уымæн дæр Хуызæйы ми бакодта. Чызг йе 'муд куы æрцыд, уæд йæхи марынмæ æрцыд. Ныууагъта фæстаг фыстæг, ацы цардæй кæй тыххæй цæуы, уый фæдыл. Куыдзæппарæн былæй йæхи аппæрста æмæ дæ балгъитæг афтæ фæуæд... Хъæубæстæ фæфæдис сты, ссардтой чызджы мард æмæ йæ чындздзон дарæсы бавæрдтой. Хуызæ бирæ рахъуыды-бахъуыдыйы фæстæ Афинæты фæстаг фыстæг радта йæ моймæ. Уымæн та йæ тæрхон æмæ йæ карз хъуыды уыдис цыбыр: Джорджы тæнты йæ хъама сагъдæй ныууагъта æмæ куыдзæппарæн былæй йæхи асхуыста. Хъæубæстæ йыл тынг фæхъыг кодта æмæ йæ йæ чызджы фæстæ бавæрдтой.

Хъесаты Валодяйы дунеæмбарынад, æцæгдзинады комулæфт хъомысджынæй бæрæг дарынц йæ радзырдты мидæг. Фыссæг дæсгай азты размæ цы таурæгъондзинады хаххыл ныллæууыд, уый йæ бæркадджын хуымы ауæдзау, цадæггай хоны, дунейы фарн адæймаджы зæрдæйы нывгæнæджы æууæлтæ кæм райхъал кæны, уыцы зæрдæйы уавæр æмæ сфæлдыстадон æрмдзæфмæ. Уыцы æрдхæрæн миниуджытæ уæлдай тынгдæр хъæуынц нывгæнæджы радзырды жанры мидæг, уымæн æмæ уыдон таурæгъондзинады уидæгтæ канд сатæгæй не 'фсадынц, фæлæ ма хæрзаудæн кæнынц йæ къабæзтыл дæр. Уымæй уæлдай ма дзурæг вæййынц авторы адæймагон æнкъарæнтæ æмæ йæ курдиаты æрдзон фæзындыл дæр. Уæдæ ма ноджыдæр цæмæй хицæн кæнынц Валодяйы радзырдтæ? Фыццаджыдæр, радзырды иумæйаг традицийы йæ таурæгъондзинады къахвæндаг кæй нæ фæдзæгъæл, уымæй. Радзырд, цыбыр радзырд, радзырд-æцæг хабар — ахæм жанры хуызтыл æмбæлæм Хъесайы-фырты прозаикон сфæлдыстады. Уыдоны фыссæг арæхстджын къухæй нывæфтыд кæны æцæгдзинады аивадон цæсгом.

Æцæг радзырды мидæг сфæлдыстадон ратæдзæн "хи айдæны фенины хуызæн нæу". Нывгæнæджы хæс у — йæ рæстæджы тыххæй æцæгдзинад зæгъын, цыфæнды зын куы уа царды æргом хабæрттыл фыссын, уæддæр. Ахæм мидæнкъарæнты бындурыл фыст сты йæ радзырдтæ-æцæг хабæрттæ "Джеоры хæдзар", "Дыууæ курдиаты" æмæ "Номхортæ". Æртæ уацмысы дæр дзурæг сты царды судзаг фарстатыл (лымæндзинад, æгъдаухæлд æмæ быцæудзинады ныхмæ). Радзырдтæ адæймаджы зæрдæ æлхæнынц, сæ мидисы къуыбылой æдзухдæр адæймаджы хъысмæты алыварс кæй зилы, уымæй...

Æппынфæстаг, зæгъын æмбæлы, Хъесаты Валодяйы сфæлдыстады мидæг радзырды жанрæн цы ахадындзинад ис, уый тыххæй. Фыссæджы "чысыл прозæйы", аивадон дуне кæй у, уый фæрцы дзы æвдыст æмæ æвзæрст цæуынц абоны царды бирæвæрсыг хабæрттæ, æхсæнады ахастдзинæдтæ, адæймаджы æнкъарæнтæ æмæ æрдзы фæзындтæ. Фæлæ дзы сæйрагдæр, махмæ гæсгæ, сты дыууæ хъуыддаджы: иуæрдыгæй, уацмысты цыбыр таурæгъондзинадмæ ис стыр хъомыс царды цаутæ æййафынмæ, иннæрдыгæй та — уыдон авторæн фадат дæттынц зæххон хъысмæты фæзилæнтæ арфдæр иртасынмæ. Уыцы дыууæ мадзалы кæм баиу вæййынц, уым та райгуыры Хъесайы-фырты прозæйы мидæг фæлдзусадон ахастдзинæдтæ автор æмæ йæ чиныгкæсджыты 'хсæн.

Ам ма мæ зæгъын фæнды, Валодя аивадон прозæ тæлмац кæнынмæ дæр дæсны кæй у. Пьесæтæй уæлдай ма йæ мадæлон æвзагмæ ратæлмац кодта вьетнаймаг таурæгътæ дæр. Уыдон дæр, йæхи чингуытау, дзурæг сты æхсар, намыс, уарзт æмæ фыдыбæсты раз хæс фидыныл.

### Зонадон-иртасæн куыст

Хицæнæй зæгъыны аккаг сты, Валодя цы чингуытæ рауагъта, уыдон дæр. Хъесайы-фырт дæргъвæтин рæстæг фæкуыста бæрнон бынæтты æмæ йæ размæ ахæм хæс куы æвæрдтаид, уæд иу æмæ дыууæ чиныджы нæ рауагътаид (цы рауадза, уый йæм кæддæриддæр уыдис). Фæлæ джиппы уадзыны вазыгджын хъуыддагмæ курдиатджын автор касти вазыгджын цæстæнгасæй. Суанг лыстæг хъуыддæгтæ дæр æвзæрста лыстæггай æмæ сын æрмæстдæр уый фæстæ уынын кодта рухс. Валодяйы раздæры чингуытæ фыст сты алыхуызон темæтыл, æрмæст культурæйы арæнтæй никуы ахызтысты. Æхсайæм азты фæллойгæнæг адæмы сæ куысты бынæтты чи бæрæг кодта, ахæм аивадон-агитацион бригадæтæ бирæ уыдис Ирыстоны. Фæлæ сæ размæ цы хæстæ æвæрд уыдис, уыдон æххæст кæнынмæ сын нæ фаг кодта хъæугæ æрмæджытæ. Æмæ уæд Валодя бавдæлд æмæ Алагиры районы культурæйы галуанæн сæрмагондæй ныффыста (Ирыстоны фыццаг хатт — Х.Б.) концертты тематикон программæты сценаритæ. Уымæй уæлдай ма сын ныффыста сæрмагонд разныхас æмæ сæ хицæн чиныгæй рауагъта 1962 азы.

Хъесайы-фыртæн йæ фыццаг дыууæ чиныджы 'хсæн ис иуæндæс азы. Фæлæ уыцы дæргъвæтин рæстæг æнцад-æнцойæ нæ бадтис. Мырзахъулимæ иумæ ныффыстой стыр методикон куыст, хихъæппæрисадон куклаты театртæ куыд аразын хъæуы, уый тыххæй ("Хихъæппæрисадон куклаты театрты арæзт"). Адæмы зæрдæмæ кæй фæцыд, уый тыххæй йын йæ тираж æнæхъæнæй балхæдта культурæйы министрад, республикæйы адæмон сфæлдыстады методикон центр та йæ байуæрста Ирыстоны культурæйы уагдæттæн. О, фæлæ æрмæст уыл нæ банцадис йæ иртасæн куыстыты райдайæн. Чысыл фæстæдæр ныффыста æмæ мыхуыры рауагъта вазыгджын наукон-методикон куыст "Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ "Æфсати"-йы æмбарынгæнæн касты тыххæй". Автор уацмысы фæдыл хъуыдытæм бахаста бирæ ивддзинæдтæ хуызæвдисæн æууæлтæ æмæ фæрæзты тыххæй. Валодяйы иртасæн куыстæн стыр аргъ скодта йæ ахуыргæнæг, профессор Æлборты Барысби. Цытджын ирон ахуыргонд ын йæ методикон куыстæн бæрзонд аргъ хуымæтæджы не скодта. Хъесайы-фырты зонадон фæллой абон дæр стыр æххуыс кæны æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн, Къостайы сфæлдыстад ахуыр кæнгæйæ.

Уыцы куыстыты фæстæ Валодя Хацырты Анзор æмæ Верæ Орловаимæ рауагъта йæ дыккаг чиныг: "Ног æгъдæуттæ æмæ сæ хъыгдарджытæ адæмы сæрызонды". Æмбырдгонды сæйраг хъуыдытæ абон дæр сæ ахадындзинад нæма фесæфтой. Уыдонмæ хауынц адæмы хуыздæр æгъдæуттыл аудын, рæзгæ фæлтæры раст фæндагыл аразын, цытджын адæймæгты номыл хидтæ æмæ фæндæгтæ аразын, суадæттæм бацæуæнтæ бæстон кæнын, æххуысхъуаг адæмæн хъуыддагæй ныфс æвæрын, хистæртæн æмæ сылгоймæгтæн аргъ кæнын, уазæгуарзондзинады æууæлтæ бæрзонд кæнын, фыдыбæстæйæн удуæлдайæ лæггад кæнын. Уыцы-иу рæстæг чиныджы автортæ амонынц, адæмы цардæн, æхсæнады рæзтæн зиан чи хæссы, уыцы æгъдæуттæ дæр.

Валодяйæн йæ зонадон æмæ иртасæн авналæнтæ ирддæр æмæ æххæстдæрæй райхæлдысты йæ ног куысты: "Ирон цуанæтты æгъдæуттæ æмæ æвзаджы". Уым ныхас цæуы ирон æхсæнады ивгъуыд царды вазыгджын хæйттæй иу — цуанæтты æгъдæуттæ æмæ æвзаджы тыххæй. Автор дзы бæстон æрлæууыд цуанæтты адæмон сфæлдыстад æмæ ирон адæмы монон культурæйыл. Ирон цуанæтты æвзаг æмæ æгъдæуттæ нæ дзыллæйы зарджытæ, кæфтытæ, таурæгътæ, аргъæуттæ, æмбисæндтæ æмæ базырджын ныхæстимæ иумæ ивгъуыдæй фидæнмæ хæссынц æмæ хъахъхъæнынц тынг бирæ вазыгджын этнографион, таурæгъон æмæ адæмон сфæлдыстады æрмæг. Уæды адæмы цардыуаг, æхсæнадон уагæвæрд æмæ нын монон культурæйы тыххæй æнæрлæугæ цы æууæлтæ, миниуджытæ, фæстиуджытæ дæттынц, уый дæр арфæйаг куыд нæ у Хъесайы-фырты зонадон куысты.

Валодяйы чиныджы цы хабæрттæ æмæ хатдзæгтимæ æмбæлæм, уыдонæн сæ фылдæр хай æмбырдгонд æрцыдис хæхбæсты мидæг. Уыцы хъæздыг æрмæджыты нын автор йæ развæлгъау ныхасы æргом кæны цуанæтты цард æмæ монон дуне незамантæй абоны дугмæ. Йæ бирæ азты фæллойæн ис стыр зонадон ахадындзинад, уымæн æмæ уый у фыццаг иртасæн куыст цуанæтты æгъдæуттæ æмæ æвзаджы тыххæй ирон адæмон сфæлдыстады вазыгджын къабазы тыххæй. Монографийы автор бæрзонд профессионалон æмæ зонадон æмвæзадыл æргом кæны, иртасинаг æрмæджы мидæг, æвнæлд кæмæ нæма уыд, ахæм фарстытæ. Уыдонмæ ахæссæн ис цуанæтты сæрмагонд æвзаг, дзырдуаты фонд æмæ адæмон сфæлдыстады хицæн хъуыддæгтæ. Зындгонд куыд у, афтæмæй ацы темæйы тыххæй зонæм æрмæстдæр дыууæ куысты: Цæголты Георгийы газетон уац æмæ профессор Æлборты Барысбийы зонадон куысты къухфыст. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм уавæры раст фæндаг ссарын æнцон хъуыддаг нæ уыдис. Æмæ уый хорз æмбæрста Хъесайы-фырт, æндæр æнæхъæн дыууиссæдз азыл нæ ныддаргъ уыдаид йæ иртасæн куысты рæстæг.

Автор йæ чиныджы æрмæг мыхуыр кæныныл кæй нæ батагъд кодта, уый йын æрхаста канд зонадон æнтыстдзинад нæ, фæлæ удгоймаджы æхцонад æмæ æнцонад дæр. Валодя, йæ иртасæн куыстыл сагъæс кæнгæйæ, æрцыд вазыгджын хатдзæгтæм, куыд комкоммæ йæ темæйы мидæг, афтæ цуан кæныны историйы фарстаты дæр (автор йæ ныхас райдыдта Нарты кадджытæй æмæ фæци ирон фысджыты сфæлдыстад, цуанæтты зарджытæ, сæ монон дунейы уагæвæрд æмæ æгъдæуттæй). Этнографион куысты уæрæх пайдагонд цы цæстуынгæ æрмæгæй æрцыд (Тугъанты Махарбег, Дзанайты Азанбег, Дзантиаты Юри, Дзбойты Михал, Гæздæнты Цопан, Сæбанты Хаджумары нывтæ), уый тынг æххуыс кæны авторы хъуыдытæ арфдæр бамбарынæн.

Стыр иртасæн куыст бакодта æмæ вазыгджын хатдзæгтæм æрцыд Валодя фыццаг ирон профессор Æлборты Барысбийы цард æмæ сфæлдыстад иртасгæйæ дæр. Фыццаг уыд, æмæ иртасæг бабæрæг кодта, Цæгат Ирыстоны паддзахадон æдасдзинады комитеты архивты 1937-1938 азты цы æрмæджытæ уыдис, уыдоны. Уыцы зонадон-иртасæн куыст ын фадат радта хъуыддаг бæстон равзарын æмæ ахуыргонды уды рæстдзинад раргом кæнын уæрæх чиныгкæсæгæн. Хъесайы-фырт биноныг хатдзæгты бындурыл ныффыста Барысбийы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй стыр очерк (мыхуыргонд æрцыд "Рæстдзинад"-ы цалдæр номыры). Автор дзы канд Ирыстоны цытджын хъæбулы цæсгом не ссыгъдæг кодта дам-думтæ æмæ хахуыртæй, фæлæ ма нын нæ тæрхонмæ рахаста тынг бирæ æрмæг йе 'хсæнадон æмæ зонадон сфæлдыстады тыххæй. Валодяйы куыст стыр цымыдис райгуырын кодта ирон зонадон æмæ сфæлдыстадон интеллигенцийы зæрдæты.

Афтæ зæгъæн ис, зындгонд фыссæг, историк, этнограф, тæлмацгæнæг æмæ ирон адæмон сфæлдыстад æмбырдгæнæг Темырханты Сосланы тыххæй цы зонадон-иртасæн куыст бакодта, уымæй дæр. Автор дзы спайда кодта æдасдзинады комитеты гæххæттытæй, архивон æрмæджытæ æмæ хиуæтты æвдисæнтæй. Уæдæ бузныджы аккаг куыд нæ у, Валодя сæ мыггаджы истори кæй ныффыста, уый дæр. Ам дæр та автор хъæздыг æрмæджы (архивон гæххæттытæ, зонадон литературæ, таурæгътæ, кадджытæ) бындурыл сахуыр кодта Хъесаты мыггаджы равзæрд ивгъуыдæй абонмæ. Иртасæг æй мыхуыр кæныны размæ бакаст сæ мыггаджы куывды æмæ дзы цы 900 адæймаджы уыдис, уыдон ын скодтой стыр аргъ. Сæ иумæйаг тæрхон та уыдис ахæм: рауадзын æй хъæуы хицæн чиныгæй.

Хъесаты Валодя йæ царды хуыздæр азтæ снывонд кодта ирон культурæ æмæ аивадæн, фæлæ хъулон уарзт кодта Ирон театр. Лæгæй-лæгмæ зыдта, дæсгай азты дæргъы национ сценæйы сæрыстырдзинад чи уыдис, уыдоны се 'ппæты дæр. Алкæмæн дæр дзы аргъ кæнын зыдта, æрмæст адæймаг цы бынат ахста, уымæ никуы каст. Хæрзæгъдауджынæй сæхи æвдыстой аивады дæснытæ æмæ иртасджытæ дæр. Уыцы фæлдзусадон ахастдзинæдты фæстиуджыты бындурыл цы сагъæстæ равзæрд, уыдоны сбæлвырд Ирон театры равзæрды фарстытæм ног бацæуæн. Раздæр национ сценæйы райгуырдыл нымад цыдис 1935 аз, ома, фыццаг ирон студи Мæскуыйы театралон институт (ГИТИС) каст куы фæцис, уыцы аз. Хъесайы-фырты нымадмæ гæсгæ та — раздæр. Ахæм барæнтæй Бердзенты æмæ Ромы театрты равзæрды историмæ куы æркæсæм, уæд сбæрæг уыдзæн, сæ театралон аивады равзæрдыл цалдæр мин азы нæ цæуы, фæлæ æрмæстдæр 300-400 азы кæй æххæст кæны, уый. Хъесайы-фырты фидар хъуыды у ахæм: нæ рагфыдæлтæ Зилахары æмæ æндæр рæтты цы дзыллон хъæзтытæ, кæфтытæ æмæ зарджытæ кодтой, уыдонæн сæ бындуры æвæрд уыдис театралон культурæйы комулæфт. Уыцы стыр бæрæгбæттæм куыд цæттæгонд цыдис, уымæ та сæ хъус лæмбынæг дардтой куырыхон хистæртæ æмæ разагъды лæгтæ. "Сценаритæ" та сын мингай азты дæргъы фыстой адæм сæхæдæг.

Сæрмагонд ныхасы аккаг у Хъесаты Валодяйы аивадон публицистикæ. Ирон адæмы æхсæнадон-политикон, аивадон-сфæлдыстадон царды тыххæй цы уацтæ, очерктæ, рецензитæ æмæ уацхъуыдтæ ныффыста, уыдонæн цалдæр ныхасæй аргъ кæнын куы сфæнд кæнæм, уæд нæ хатдзæг цыбырæй уаид ахæм: хъæугæ бынаты — хъæугæ хъуыддæгтыл — хъæугæ ныхас.

Дыууæ азæй фылдæр рацыд, Хъесаты Валодя ацы зæххон дунейы куы нал ис, уæдæй. Фæлæ йæ рухс сурæт ирон дзыллæйы зæрдæйы нæ мынæг кæны. Уымæн æмæ йæ кæддæриддæр зыдтой уæздан, фæлмæн æмæ хæдзонд адæймагæй, курдиатджын фыссæг æмæ журналистæй, арæхстджын редактор æмæ разамонæгæй, фыдызæххыл аудæг æмæ уарзон хъæбулæй. Мадæлон æвзаг та уыдис йæ удыл хæцæг, йæ ныфс, йæ зондамонæг.

Валодя ирон чиныгкæсæгæн балæвар кодта йæ аивадон уацмысты æххæст æмбырдгонд фондз томæй (уырдæм хаст æрцыдысты, прозæ, драмæ æмæ публицистикæйы жанры кæй ныффыста, уыдон). Нырыккон ирон фысджытæй ахæм сфæлдыстадон æнтыст Нафийæ фæстæмæ никæй къухы бафтыд. Нæ фыдæлтæ-иу афтæ загътой: "Нæй æнусон цард, фæлæ ис æнусон кад". Æнусон кады фарн кæмæ фæхæццæ, уыдонмæ ахæссæн ис Хъесаты Валодяйы дæр. Æмæ нæ уымæ гæсгæ фидарæй уырны, цырагъдарæй кæмæн лæууыд, йæ фарн æвдадзы хос кæмæн уыд, уыцы ирон дзыллæ йæ кæй никуы ферох кæндзысты, уый.

**ХОЗИТЫ Барис**









## Спортивон фидиуæг

# Дзюдоистты æнтыстытæ

**Ирыстоны дзюдоисттæ сæхи сæрæнæй равдыстой цалдæр бæрнон ерысы.**

Китайаг горæт Хих Хотойы дунеон Гран-при турниры 2-аг æмæ 3-аг бынæттæ бацахстой Хуыбецты Алан æмæ Лæппынæгты Аслан.

Нæ лæппуты тренер Цæгæраты Хъазыбег зæгъы: "Китайы Алан æмæ Асланæн уыди тыхджын ныхмæлæууджытæ æмæ дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ кæй бацахстой, уый æвзæр бæрæггæнæн нæу. Нæ лæппутæ хæцыдысты 81 кг онг уæзы æмæ дыууæйæ дæр фæхæрд сты Олимпаг хъæзтыты призер, канадæйаг дзюдоист Валоис Фортирæн. Алан æмæ Аслан августы кæрон хъуамæ хæцой дунейы чемпионаты æмæ сын, ацы турниры кæй архайдтой, уый фæахъаз уыдзæн уырдæм сæхи хуыздæр бацæттæ кæнынæн".

Иттæг сæрæн хæст ракодта нæ дзюдоисткæ Таймæзты Мæдинæ Уæрæсейы командон Кубок рамбулыны ерысты Новороссийскы. Хæцыди Санкт-Петербурджы клуб "Явара-Нева"-йы номæй æмæ йæ ныхмæлæуджытыл се 'ппæтыл дæр фæуæлахиз æнæдызæрдыгæй, фæлæ йæ клуб "Явара-Нева" кæронбæттæны фæхæрд Тюмены клуб "Новый поток"-æн æмæ Мæдинæ йе 'мбæлттимæ хорзæхджынгонд ссис æвзист майданæй.

Мæдинæйы тренер Джиоты Герас зæгъы: "Мæдинæйы йе 'мбæлттæ дæр куы бафæзмыдтаиккой, уæд, æнæмæнг, Уæрæсейы Кубок йæ командæ рамбылдтаид. Мæн уырны, йæ ноджы стырдæр уæлахизтæ нырма разæй кæй сты, уый".

***

Сæ хистæрты фæзмынынц нæ æрыгон дзюдоисттæ дæр.

Налцыччы Цæгат Кавказы федералон зылды скъоладзауты VIII спартакиадæйы Цæгат Ирыстоны фæсивæд рамбылдтой фондз сыгъзæрин æмæ цыппар бронзæ майданы.

Сыгъзæрин майдантæй хорзæхджынгонд систы: Гаджиты Кристинæ (48 кг), Гаглойты Эллинæ (52 кг), Елхъанаты Янæ (63 кг), Гайсун Татьянæ (+70 кг) æмæ Абайты Сослан (+90 кг). Бронзæ майдантæ рамбылдтой: Утнелешвили Регинæ (57 кг), Бибылты Эльвирæ (70 кг), Владислав Заяц (81 кг) æмæ Гæппызты Марат (90 кг).

Ацы ерысты уæлахиздзаутæ ныр сæхи цæттæ кæндзысты Æппæтуæрæсеон скъоладзауты спартакиадæйы кæронбæттæны ерыстæм.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Мидхъуыддæгты министрадæй

# Паддзахадон автоинспекцийы кусджыты бæрæгбон

**3 июлы радон хатт сæ профессионалон бæрæгбон уыд Паддзахадон автоинспекцийы (Фæндæгтыл æдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы) кусджытæн. Фæндаггон змæлды фæткмæ цæстдарæг службæйыл сæххæст 81 азы.**

Паддзахадон автоинспекцийы кусджыты бæрæгбоны кадæн мадзæлттæ райдыдтой, фæндаггон-патрулон службæйы полчъы цы æмбырд уыд, уымæй. Полчъы службæгæнджытæн бæрæгбоны фæдыл арфæтæ ракодтой РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады æхсæнадон фæтк хъахъхъæныны пъæлицæйы хицауы хæдивæг Альберт Сабанаев æмæ Паддзахадон автоинспекцийы цæгатирыстойнаг управленийы хицауы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Бекъойты Артур.

Уый фæстæ фысымтæ æмæ уазджытæ ссардтой, сæ службæйы хæстæ æххæст кæнгæйæ чи фæмард, уыцы автоинспекторты рухс нæмттæ. Куыд загъдæуыд, афтæмæй 19 пъæлицæйаджы снывонд кодтой сæ цард бæстæйы æхсæнадон фæтк бахъахъхъæныны сæраппонд. Номарæн мадзалы рæстæг æрхæндæг музыкæйы зæлтæм ранымадтой æппæт æдзард пъæлицæйæгты нæмттæ дæр, стæй дидинджытæ сæвæрдтой Уæрæсейы Федерацийы Хъæбатыр Джыбылаты Зауыр æмæ иннæ автоинспекторты номарæн цыртдзæвæнтыл.

Фæстæдæр бæрæгбоны фæдыл æмбырд арæзт æрцыд Мидхъуыддæгты министрады бæстыхайы. Паддзахадон автоинспекцийы кусджытæн сæ бæрæгбоны фæдыл арфæ ракодта республикæйы мидхъуыддæгты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Дмитрий Гутыря. "Цæгат Ирыстоны фæндæгты æдасдзинадмæ сæ цæст дарынц Паддзахадон автоинспекцийы мингай кусджытæ. Уæ дæсны æмæ бæрнон архайды фæрцы хъахъхъæд цæуынц адæмы цард æмæ æнæниздзинад", — йæ раныхасы фæбæрæг кодта Дмитрий Гутыря.

Арфæтæй уæлдай, автоинспекцийы кусджыты кæцыдæн саккаг кодтой радон æфсæддон цинтæ, Кады грамотæтæ æмæ æндæр хæрзиуджытæ. Зæгъæм, службæйы хæстæ бæрнонæй æххæст кæнын æмæ куысты æнтыстдзинæдты тыххæй автоинспекцийы цæгатирыстойнаг управленийы хицауы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Бекъойты Артурæн лæвæрд æрцыд булкъоны цин. Паддзахадон автоинспекцийы Мæздæджы районы хайады хицауы хæдивæг Тамерлан Помазковæн та радтой ног хæдтулгæ "Лада Гранта"-йы дæгъæлтæ. Тамерлан Помазковæн арфæ ракæнгæйæ, Дмитрий Гутыря куыд фæнысан кодта, афтæмæй мидхъуыддæгты министр Михаил Скоковы уынаффæйæ нырæй фæстæмæ хуыздæр дæлхайæдтæн лæвæрд цæудзысты ног хæдтулгæтæ.

Управленийы кусджыты иу къордæн саккаг кодтой Кады грамотæтæ, риуылдаргæ нысантæ æмæ зынаргъ лæвæрттæ.

Æмбырды кæронбæттæны арæзт æрцыд бæрæгбоны концерт.

**Нæ уацхæссæг**

## Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Сæ фæстæ ныууагътой фарны фæд

Æвæдза, адæймаг йæ ивгъуыд цардыл куы ахъуыды кæны, уæд дзы бирæ хорздзинæдтæ æрлæууынц йæ зæрдыл. Бирæ рæсугъд цаутæ ис æрымысæн, царды уæрæх фæндæгтыл цæугæйæ. Уыимæ, раздæр азты адæмæн ахæм парахат зæрдæйыуаг уыд æмæ, цас мæгуырдæр уыдысты, уыйбæрц кæрæдзиуыл уыдысты æнувыддæр.



Сыхаг сыхагимæ иу бинонты цард кодтой. Сæ цин дæр, сæ хъыг дæр, сæ хæрд, сæ бадт дæр иу уыди. Хæсты цæхæры бирæ сагсур хъæбатыр фырттæ раттой сæ цард нæ абоны сæрибардзинады сæраппонд. Бирæтæ дзы нал сыздæхтысты, сæ цæссыгæй йæхи чи 'хсадта, уыцы ныййарджытæм. Æхсæвбон нæ хынцгæйæ, авдæны хъæдыл йæ сывæллонмæ æнкъард цæстытæй чи касти йæ цæссыг калгæ, ахæм сылгоймæгтæ бирæ уыди. Хæдзары уæз дæр æмæ сабиты хъомылад дæр сылгоймæгты уæхсчытыл æрæнцад. Алы куыст дæр кодтой, цæмæй сæ бинонтæ ма фæцудой.

Ахæм удыхъæдджын сылгоймæгтæ уыдысты Цæллаггаты Дзадзæ æмæ Цæллаггаты Уæлга, джызæйлæгтæ, дыууæ файнусты. Уыдон кæд хæрз файнустытæ нæ уыдысты, уæддæр кæрæдзиимæ раст дыууæ хойы цард фæкодтой. Дзадзæ уыдис Дзгойты чызг, олгинскæйаг. Æрцыди чындзы Цæллаггатæм, æмæ мыггаджы 'хсæн йæхи равдыста каджынæй. Уыдис бæркадкъух æфсин. Дзадзæ схъомыл кодта хорз цот: цыппар чызджы æмæ дыууæ лæппуйы. Йæ цотæн хорз мад уыди, йæ цоты цотæн та — хорз нана. Тынг сæ рæвдыдта, уыди сæ зондамонæг. Æмæ йæ йæ хъæбулты хъæбултæ хонгæ дæр афтæ кодтой, попо-мамæ, зæгъгæ. Уæлга дæр уыд адæмуарзон. Стыр кад ын уыд мыггаджы æмæ хъæубæсты 'хсæн.

Уыдон сæ фæстæ цы стыр фарн ныууагътой, уыцы кад æмæ намыс абон дарддæр сæрыстырæй хæссынц сæ байзæддаг фæлтæртæ.

**ЦÆЛЛАГГАТЫ Аня, фæллойы ветеран Къамы (галиуæрдыгæй рахизæрдæм): дыууæ файнусты ЦÆЛЛАГГАТЫ Дзадзæ æмæ ЦÆЛЛАГГАТЫ Уæлга**

## Радон номыр

# "Ногдзау" мыхуыр кæны

**Мыхуырæй рацыд журнал "Ногдзау"-ы ацы азы æртыккæгæм номыр. Поэзийы хайады дзы мыхуыргонд цæуынц дзæнæты бадинаг Джыккайты Шамил, Тохсырты Къоста, Хацырты Отар, Сасиаты Ислам, Колити Витали æмæ Хохойти Федары æмдзæвгæтæ.**




Прозæйы хайады та мыхуыргонд цæуынц Джиоты Катяйы радзырд "Æнайы хур", "Хъариаты Фатъимæты — "Мæ дзырдарæхст хæрæфырт", Дауырæйы — "Æз æмæ сымах", Дзуццаты Зæлинæйы уац "Рæсугъд фидæн", итайлаг аргъау "Æрдхæрæны чызг", Марк Твены повесть "Том Сойеры æнахуыр хабæрттæ" (дарддæр), Цæрæгойтимæ баст æмбисæндтæ.

"Хуры тын"-ы рубрикæйы бынмæ журналкæсджытæ æхсызгонæй базонгæ уыдзысты Бесланы сывæллæтты аивадон скъолайы хъомылгæнинæгты конд нывтимæ, уыдонимæ — Игнатенко Иринæйы конд нывы "Кафт"-имæ, Дудайты Изабеллæйы — "Кæркдон"-имæ æмæ Тыджыты Аидæйы — "Хотæ"-имæ.

Журналы ацы радон номыры бирæ алыхуызон цымыдисаг, бакæсинаг æрмæджытæ мыхуыргонд æрцыд "Адæмæн зæхх у сæ дарæг", "Алы фыдæн — алы хос", "Оу, мæнæ диссæгтæ, Царциаты диссæгтæ!", "Æнæнтыст макуы фæуай!"-ы сæргæндты бынмæ. Ис дзы дзырдбыд, сканворд æмæ ирон æвзаг базонын кæй фæнды, уыдонæн æххуысæн дзырдуат "Дзурæм иронау. Говорим по-осетински".

Журналы ацы номыр аивадон æгъдауæй аив æмæ рæсугъд сфæлгонц кæныныл зæрдиагæй бакуыстой нывгæнджытæ Дзиуаты Земфирæ, Айларты Владимир, Абайты Аркади.

**ЧЕРЧЕСТЫ Хъæсболат**

**НОМЫРЫЛ БАКУЫСТОЙ:**

Дзуапдæттæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Номырæн бæрнон — **Æлборты Алисæ.**
Компьютерон мыхуыр — **Кобесты Иветæ.**

**Дизайн:**
1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Сланты Мæдинæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг фарсæн — **Рубайты Нелли.**

**Корректортæ:**
1-аг æмæ 3-аг фæрстæн **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Айларты Эмилия.**

## Æнæниздзинады къуым

# Куыд бахъахъхъæнæн ис æнтæф рæстæг зæрдæ æмæ дадзинтæ?

**Тæвд бонты дадзинтæ кæнынц уæрæхдæр, туджы æлхъывдад бынмæ хауы, æмæ уæд зæрдæйыл цæуы уæлдай уæз, уымæн æмæ, туджы зилдух æнæкъуылымпы цæмæй уа, уый тыххæй йæ кусын хъæуы карздæрæй. Уымæ гæсгæ сæрдыгон рæстæг зæрдæйыл куыст æмæ уыимæ баст зæрдæйы низты профилактикæ домынц уæлдай цæстдард.**

Фæстаг азты инсульт æмæ инфаркт фесты зынгæ "æрыгондæр" — уыдонæй фæрынчынæй тæссаг ссис канд карджын адæмæн нæ, фæлæ æрыгæттæн дæр, 35 азы онг кæуыл цæуы, ахæм сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгтæн. Æрмæст æнтæф бонтæ не сты зæрдæйы куыст халæг, фæлæ ма атмосферон æлхъывдады раив-баив, стæй, цардыуаг нывыл куы нæ вæййы, уый дæр. Адæймаг йæ фаг куы нæ фынæй кæна, гыццыл куы змæла, тамако куы дыма, куы нуаза, уæлдай уæз дзы куы уа, стрессты ахасты арæх куы хауа — уыдæттæ уыдзысты фаг, æнæниз адæймаджы зæрдæ дæр къуылымпытимæ кусын цæмæй райдайа, уымæн.

Уæдæ куыд бахъахъхъæнæм нæ зæрдæ, уæлдайдæр тæвд рæстæджыты?

Тæвд йæ тæккæ карзæй куы вæййы (12 сахатæй 17 сахатмæ), уæд хуры комкоммæ тынтæй уæхи хъахъхъæнут æмæ сæ бынмæ 15 минутæй фылдæр ма лæууут.

Дарут уæгъд дзаумæ, синтетикон нæ, фæлæ æрдзон хъуымацæй конд чи уа, ахæм, сæрыл та — худ.

Архайут хæдзары фылдæр улæфыныл, куысты рæстæг та фæкъаддæр кæнут.

Фитнес кæнæ æндæр спортивон фæлтæрæнтæ уæ рох ма уæнт, изæрыгон та хорз у парчы атезгъо кæнын.

Фылдæр хæрут дыргътæ æмæ халсартæ, уыдоны ис, зæрдæйы чи хъæуы, бирæ ахæм минералтæ, кальций æмæ магний. Фæззæгмæ ферох кæнут сойджын хæринаг. Хæрут гыццыл бæрцытæй æмæ арæхдæр. Æнæниз адæймаг хъуамæ нуаза фылдæр дон, зæрдæйы низ ишемия кæмæ ис, уыдонæн та бирæ дон нуазын не 'мбæлы, уымæн æмæ уæлдай дон бæрзонд кæны туджы æлхъывдад, уый аххосæй зæрдæ æмæ дадзинтæ кæнынц тыхкуыст. Нуазын хъæуы сыгъдæг дон кæнæ та цъæх цай.

Тамако дымæг адæм зонынц, тæвды сын сæ уый дæр æхсызгон кæй нал вæййы, уый. Уый у хорз фадат тамако бынтондæр ныууадзынæн, афтæ — нозт дæр.

Тæвд бонты рудзгуытæ æхсæвæй-бонæй гомæй дарут. Кондиционер æхсæвы кусгæйæ уадзын не 'мбæлы, афтæмæй æнцон у фæрынчын уæвын. Сæрдыгон та цыфæнды низ дæр зæрдæйыл æвæры уæлдай уаргъ.

Сæрды райдайæны гипертония æмæ зæрдæйы низтæй рынчынтæн хорз уаид, дохтыр сæм профилактикон æгъдауæй куы æркæса. Дохтыр цы хостæ рафыссы, уыдон кæддæр-фæндыдæр хъуамæ уой къухы бын.

Фæсгорæтмæ æмæ, хъæуты сын цы хæдзæрттæ ис, уырдæм сæрдыгон цæуын чи уарзы, уыдоны дохтыртæ нымайынц, зæрдæ æмæ дадзинты низтæй уæлдай тæссагдæр кæмæн у, ахæм къордыл. Тæвды кусын не 'мбæлы, уæлдайдæр — цæхæрадоны кæнæ парникты.

Адæймаг йæхи гыццылдæр æвзæр банкъардта, уæд йæ цыфæнды куыст дæр фæуадзæд, ауон ранмæ бацæуæд æмæ йæ чи æлвасы, ахæм дзаумайæ йæхи суæгъд кæнæд. Риу риссын райдыдта, зæгъгæ, уæд æвæстиатæй хъæуы дохтырмæ фæдзурын, æмæ цалынмæ цæуа, уæдмæ зæрдæйы хос бануазын.

Тæвдæй уæхи хъахъхъæнут æмæ æнæниз ут.

**ЦЕРЕКАТЫ Алан, Медицинон профилактикæйы республикон центры дохтыр-методист**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Сдается**
2-комнатная квартира по ул. Армянской, 17. Цена — 13 тыс. руб.
**ТЕЛ.: 8-918-826-10-56.**

Спил деревьев.
**Тел.:**
**8-988-832-83-06**
(Павел).

АПТЕКА низких цен
"Копеечка"
Гарантированное качество.
Весь товар сертифицирован
Работаем с 8 до 21 часа.
угол ул. Маркова и Кирова, 74/23 (напротив гостиницы "Кадгарон", район ж/д. вокзала).
ТЕЛ.: 544-554, 94-11-15.
С НАМИ ВЫГОДНО!
РЕКЛАМА
*Возможны противопоказания, перед применением обязательно проконсультируйтесь со специалистом.*

**Ахсæны æмæ тъæнгты хæцгæ низтæ: лямбли, дисбактериоз, буары низтæ, фадынæг, уыдырны, уазал бацыды тыхджын формæтæ (ОРЗ, грипп), куыд сывæллæтты, афтæ алы кары адæмы дзæбæхгæнæг дохтыры хъусынгæнинаг.**

Зынаргъ горæтæгтæ! Табуафси, йе 'нæниздзинадмæ йæ зæрдæ кæмæн æхсайы, уыдонмæ æнхъæлмæ кæсын
**Куйбышевы уынджы 35-æм хæдзары.**
**Тел.: 96-21-23, 8-918-826-21-23.**
Æвæстиатæй æмбæлгæ консультаци раттын мæ бон у рынчынæн йæхи хæдзары дæр.
Уæ хорзæхæй, саккаг кæнут!
**Ис гæнæн ныхмæвæрд фæзындтытæн, уый тыххæй хъæуы, æнæмæнг, специалисты консультаци.**
*Лиц. 15 №001139*

**ПРОДАЕТСЯ**
зем. уч. 6 сот. в садоводческом товариществе "Магнит", имеется свет, канализация.
**ТЕЛ.:**
**8-918-827-45-19.**

**Укладка асфальта.**
**ТЕЛ.: 8-905-488-28-41 (Артур).**

**Продаю**
**1 комн. кв. улучшенной планировки на 7 эт. 9-этажного дома, (балкон закрытый) по ул. Доватора (р-он "Румынской мебели").**
**ТЕЛ.: 8-928-487-08-00.**


**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

**Международное общественное движение "Высший Совет Осетин" сообщает, что совещание-семинар по вопросам соблюдения традиций и обычаев по просьбе граждан переносится с пятницы на вторник. Семинар проводится еженедельно с 11 до 14 ч. по адресу: ул. Фрунзе, 24, 2-ой этаж.**
**ТЕЛ.: 56-30-39; 53-57-87.**


**Продаются**
**межкомнатные новые двери.**
**Цена ниже рыночных.**
**ТЕЛ.:**
**8-918-839-37-55.**

**Продается**
сенокосилка (производство Чехия).
Цена — 130 тыс. руб.
**ТЕЛ.:**
**8-925-855-51-23 (Руслан).**


**Реквизиты:**

ИАБ "Диг-Банк" (ОАО) — государственная корпорация "Агентство по страхованию вкладов"
Получатель: государственная корпорация "Агентство по страхованию вкладов"
Адрес: 109240, г. Москва, ул. Высоцкого, д. 4
ИНН/КПП: 7708514824 / 775001001
Банк получателя: ГУ Банка России по ЦФО, г. Москва 35
Расчетный счет: 40503810145250003051
БИК: 044525000
Счет ИАБ "Диг-Банк" (ОАО) в ГК "АСВ" № 76/11-0362

**Сообщение о результатах торгов**

Организатор торгов — Государственная корпорация "Агентство по страхованию вкладов" (109240, г. Москва, ул. Высоцкого, д. 4, электронная почта: etorgi@asv.org.ru), являющаяся на основании решения Арбитражного суда Республики Северная Осетия-Алания от 5 сентября 2014 г. по делу № А61-2327/14 конкурсным управляющим (ликвидатором) Открытым акционерным обществом Инвестиционный Акционерный Банк "Диг-Банк" (ИАБ "Диг-Банк" (ОАО), адрес регистрации: 362003, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, ул. Нальчикская, д. 1 "А", ИНН 7714015358, ОГРН 1021500000279) (далее — финансовая организация), сообщает о результатах проведения электронных **торгов посредством публичного предложения** (далее — Торги ППП) имуществом финансовой организации (сообщение 77032089488 в газете "Коммерсантъ" от 29 декабря 2016 г. № 243 (5993)), проведенных в период с 13 июня 2017 г. по 26 июня 2017 г.

Торги ППП состоялись по лотам 4, 5, победителями Торгов ППП признаны следующие участники:

Лот 4 — Амалаев Абубакар Махмудович, предложенная цена 22 500,00 руб.;

Лот 5 — Амалаев Абубакар Махмудович, предложенная цена 22 500,00 руб.

Заинтересованность победителя Торгов ППП по отношению к должнику, кредиторам, конкурсному управляющему отсутствует.

**Хъусынгæнинаг**

**Абонæй фæстæмæ газет "Рæстдзинад" æмдзæвгæтæ лæвар мыхуыр кæны Фысджыты цæдисы уæнгтæн æмæ æрыгон поэттæн, суанг скъоладзаутæн дæр.**

**Зæрондæй уыцы куыстыл чи фæхæст, уыдоны фыст æмдзæвгæтæ та мыхуыр кæнын райдыдтам рекламæйы бындурыл, иу куплетæн 100 сомы фидгæйæ.**

**Редакци**


**СРОЧНО ПРОДАЮ:**
**два зем. участка (10 и 40 сот.) в пос. В. Фиагдон.**
**Торг уместен.**
**ТЕЛ.:**
**8-918-830-40-80.**

Выполняем все виды работ на кладбище.
**ТЕЛ.:**
**8-961-821-07-65 (Алан);**
**8-962-743-81-50 (Аслан).**

**Сдается**
2-комнатная квартира по ул. Чапаева. Цена – 10 тыс. руб.
**ТЕЛ.: 8-962-745-68-56.**


Газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц, се 'мкусæг Хетæгкаты Оксанæйæн, йæ хойы чызг
**КЪУСРАТЫ Илонæ**
кæй амард, уый фæдыл.


**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ тел умерших. Быстрый выезд по городу и республике. Похоронные принадлежности.**
**Перевозка тел.**
**ТЕЛ.: 56-63-85; 8-918-822-81-80.**
*Работаем круглосуточно.*





**Газет уадзынц РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци".**

**Газеты регистрацион номыр (ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор БИТАРТЫ Маринæ**

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Осетия-полиграфсервис"-ы

**Сæйраг редактор — 25-96-27**
**Сæйраг редакторы хæдивджытæ — 25-94-37, 25-63-19**
**Рауагъды дирекци — 25-94-37, 25-90-54**
**ХАЙÆДТÆ:**
**Культурæйы, фæсивæды æмæ спорты — 25-91-89, 25-99-33, 25-94-09, 25-96-31.**
**Æхсæнадон, политикон, социалон æмæ экономикон — 25-90-51, 25-91-80**
**Бухгалтери — 25-94-19**
**Къамисæг — 25-93-68**
**Сайты редактор — 25-96-16**
**РЕКЛАМÆ — 25-67-03, Корректортæ — 25-93-36.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй рафыстой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 4921.
Заказ № 769. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email:** rastdzinad@mail.ru
**Сайт:** www.растдзинад.рф

Газета выходит 5 раз в неделю
"Растдзинад"
("Правда")

УЧРЕДИТЕЛИ:
Парламент РСО-А, Правительство РСО-А, ГБУ "Редакция республиканской народной газеты "Растдзинад".
**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания 30 марта 2012 г. (ПИ № ТУ 15-00063)**